

# ЦIыху, сурэтыщI гъуэзэджэ

2-нэ нап.



# Махуэку

Языныкъуэхэм ят, адрейхэм Iах

3-нэ нап.



# Олимп чемпионхэм я чэнджэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№114 (24.240) ● 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




4-нэ нап.

# Муниципалитетхэм я щIыналъэхэр гъэкъэбзэным теухуа мазэ лэжьыгъэ

**Муниципалитетхэм я Iуэхухэм щыхэплъа иужьрей зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм щыхуигъэуващ ди щIыналъэр зэлъыIухыным, кIэрыхубжьэрыхухэр дэшыным теухуа мазэ лэжьыгъэр егъэкIуэкIынымкIэ планым и проектыр зы тхьэмахуэ пIалъэм кърихубыдэу игъэхьэзырыну.**

АБЫ зэрыжиIамкIэ, контейнерхэр къащэхун папщIэ зэман гъунэгъу дыдэм республикэм сом мелуан 63-рэ къратынущ. КIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдаш апхуэдэ контейнеру иджыпсту миниплI яIэщ, пхъэнкIиймрэ куэншыбымрэ дэзыш автомашинэхэр 100-м щIегъу. ЩIыналъэм и унафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ мы лэжьыгъэр щIызэблэун щхьэусыгъуэр зэрыщымыIэр, Iуэхур зэгъэуIуауэ къызэгъэпэщын зэрыхуейр. Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм чэнджэщ яритащ ахэр сату IуэхущIапIэхэмрэ шхапIэхэмрэ нэхъ тэмэму ядэлэжьэну икIи кIэрыхубжьэрыхухэр дэшыным теухуауэ щIыналъэ операторым зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэн зэрыхуейр гурагъэIуэну.

Республикэм и Iэтащхьэм Правительствэм хэхауэ хуигъэуващ мы Iуэхум нэхъ гулъытэ хэлъу бгъэдыхьэну, сыту жыпIэмэ, иджыпсту тыкуэнхэмрэ шхапIэхэмрэ я нэхъыбапIэм я кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыдашым и уасэр унагъуэхэм ятын хуей мэхъу. Абы къыхэкIыу муниципальнэ щIыналъэхэм а лэжьыгъэр щагъэтэмэмыну къапэщытщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и щIыналъэм нэгъуэщI лэжьыгъэхэри тэмэму къыщызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ нобэм ирихьэлIэу лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, республикэр яхэтщ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хухах ахъшэр нэхъ тэмэму икIи нэгъэсауэ къэзыгъэсэбэпхэм. Унэ кхъахэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэнымкIэ программэм и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министерствэм и пщэ ирилъхьащ программэм хиубыдэу нэхъ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI муниципальнэ районхэм ухуэныгъэхэм я фIагъыр къызэрыщапщытэ щIыкIэр игъэтэмэмыну, къэрал контрактхэм къыщыгъэлъэгъуа пIалъэхэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуным хуэунэтIауэ подрядчикхэм ядэлэжьэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Бэрбэч Алим, КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

# Иджырей мардэхэм къитIасэу

## Ново-Ивановскэ къуажэм къыщызэIуаха школыщIэм и унафэщIым щIыгъуу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэплъащ сабийхэр зэрырагъаджэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхухэм

**Республикэм и районхэр къыщызэхикIухьым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ Май муниципальнэ районым хиубыдэ Ново-Ивановскэ къуажэм фокIадэм и 1-м къыщызэIуаха лицей №7-м. Ар Май районым и администрацэм и Iэтащхьэ Саенкэ Татьянэрэ лицейм и унафэщI Хиврич Еленэрэ яхуэзащ икIи абыхэм ящIыгъуу тепсэлъыхьащ мы IуэхущIапIэщIэм сабийхэм я еджэныгъэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.**

ЕДЖАПIЭЩIЭР сабийуэ 440-м ятещIыхьащ. Ар яухуащ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэм хиубыдэу. ЕджапIэщIэр ухуэным икIи ар зыхуей псомкIи къызэгъэпэщыным тригъэкIуэдэн папщIэ республикэм сом мелуан 343-рэ къыхуаутIыпщащ.

Лицейм пщэфIапIэ, шхапIэ пэшхэр, медицинэм и IэщIагъэлIхэм папщIэ пэшхэр, фильмотекэ, зэхуэсыпIэ пэшышхуэ, спортзал хэтщ. Унэ нэхъыщхьэр еджапIэ пэшхэрщ, апхуэдэу абы щыIэщ лабораторэхэр, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт пэшхэр. ПщIантIэм футбол джэгупIэ, баскетболымрэ волейболымрэ хухаха гъуэхэр щыIэщ. IуэхущIапIэр щхьэхуэу ягъэплъ, абы электрокъарур зэблэумэ къагъэсэбэпыну генераторхэр иIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сабийхэр тэмэму еджэн, загъэпсэхун, я къарумрэ зэфIэкIхэмрэ зрагъэужьын папщIэ зыхуей псори яIэщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ: фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу Шэджэм къалэм, Солдатскэ станицэм, Ново-Ивановскэ къуажэм школыщIэхэр къыщызэIуахащ. Дызэрыт илъэсым еджапIэщIэхэр Прохладнэ къалэм, Нарткъалэ, Куба-Таба, Красносельскэ къуажэхэм къыщрагъэжьэнущ.

Апхуэдэу 2022 гъэм школу 9 кърагъэжьэну я мурадщ абыхэм япыщIа технически Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр федеральнэ IэнатIэм щызэхуагъэхъу. 2023 гъэм сабийуэ 1500-рэ зэкIуэлIэн курыт школ ин яухуэу щIадзэнущ. Зэрыщыту къапщтэмэ, 2024 гъэм ирихьэлIэу республикэм къыщызэIуахыну еджапIэщIэхэм екIуэлIэнущ сабийуэ 8500-рэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ къуажэ школхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ Урысейм и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ илъэситхум тещIыхьауэ зэхалъхьа федеральнэ программэм ди щIыналъэри зэрыхэхуар. А программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и школ 63-м я унэу 75-рэ къызэхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну я мурадщ. ЩIыналъэм езым и мылъкукIэ, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкIэ программэм хиубыдэу къаутIыпща ахъшэкIэ мы гъэм IуэхущIапIэу 2 зэрагъэпэщыжащ, илъэсым щыщу къэна зэманым, аргуэру школи 2 капитальнэу зэгъэпэщыжын яухынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - жэпуэгъуэм (октябрым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 350-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**



**Налшык къалэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унэм, мы махуэхэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIII Зэхуэсышхуэр. Ар ирихьэлIащ ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 щрикъум. Адыгэм и бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным икIи зегъэужьыным хуэгъэпса ДАХ-р къэунэхуащ накъыгъэм и 20-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 35-м. Лъэпкъым дежкIэ ар зихуэдэ къэмыхъуа Iуэхугъуэшхуэт. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, ДАХ-р щызэхаша махуэр адыгэ тхыдэм нэщыпхъуэр тезыха, лъэхъэнэщIэм и Iуэхухэр убла щыхъуа махуэу лъэпкъ махуэгъэпсым хэуващ. Абы лъандэрэ екIуэкIа Зэхуэсышхуэхэм къапызыщэщ иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхэтар.**

# ГугъапIэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къызэдогъуэгурыкIуэ



Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

НАЛШЫК къалэ махуитIкIэ щекIуэкIа Зэхуэсышхуэм къэрихьэлIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Ливаным, Абхъазым, Европэ къэ-ралхэм, АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь икIи Краснодар щIыналъэхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Зэхуэсышхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Вагинэ Татьянэ**, УФ-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къэрал къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Серёгин Олег**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, КъБР-м жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Урысей Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и чэнджэщэгъу **Гъудэ Залым**, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ щыIэ къулыкъущIапIэхэм, КъБР-м и щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ я IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, ДАХ-м и къэпщытакIуэ гупым хэтхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэр къыщызэIуихым, дунейр зыIыгъ узыфэм къимыгъэшынэу Зэхуэсышхуэм къызэрырихьэлIам щхьэкIэ фIыщIэ яхуищIащ. «Ди зэгухьэныгъэр илъэс 30 ирикъуащ. Ар куэдкъым, лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм елъытауэ, ауэ ар икIи мащIэкъым, тхузэфIэкIам уеплъмэ. Илъэс щэщIым и кIуэцIкIэ дэ тлъэкIащ дунейм тепхъа лъэпкъыр зэлъэдгъэIэсын, бзэ, щэнхабзэ, экономикэ, сату я лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэм зедгъэубгъун. Ди Хасэр нобэ дуней псом къыщащIэ, пщIэ зыхуащI жылагъуэ зэгухьэныгъэу къалъытэ. ДАХ-р къэрал зэмылIэужьыгъуэхэр зэгурызыгъаIуэ, зэзышалIэ, зэлъэзыгъэIэс лъэмыжщ, цIэрэ щхьэрэ зиIэ хасапIэщ. Ар урысейпсо икIи щIыналъэ къулыкъущIапIэхэм, УФ-мрэ хамэ къэралхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ я IуэхущIапIэхэм япыщIащ, ядолажьэ, щIэгъэкъуэни къыхуохъу. Абы и щыхьэтщ нобэ УФ-м и Президентым къытхуищIа гулъытэр. Зэхуэсышхуэм ди лэжьыгъэр къэралым и лIыщхьэ Путин Владимир къыдигъэза фIэхъус псалъэхэмкIэ къызэIутхмэ, япэ псалъэр абы и лIыкIуэм еттмэ, игъуэу къысщохъу», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

УФ-м и Президентым деж лъэпкъ IуэхухэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Вагинэ Татьянэ зэIущIэм хэтхэм УФ-м и Президент Путин Владимир и цIэкIэ гуапэу сэлам ярихри, Зэрызахуигъазэ псалъэм къахуеджащ: «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, лъэпкъ, бзэ зэныкъуэкъухэр къэмыгъэхъуным, я зэхуакум илъ зэгурыIуэр гъэбыдэным сыт щыгъуи ди нэIэ тетщ. Гулъытэ мыужьых зыхуэщIын хуей а лэжьыгъэшхуэм емышыжу толажьэ къызэрыунэхурэ илъэс щэщI ирикъуа Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Абы къалэн зыхуигъэувыжахэмрэ пщэрылъ зыщищIыжахэмрэ дунейм адыгэу тетыр - Урысейм щыпсэухэри хамэ къэрал исхэри - зэрашалIэ, нэхъыщхьэращи, ар абы къохъулIэ. ДАХ-м хэтхэр, дауи, иужь итщ я анэдэлъхубзэр, я адэжьхэм къадэгъуэгурыкIуа щэнхабзэр хъумэным, ахэр къащIэхъуэ щIалэгъуалэм деж зэрынахьэсыным, а псор ипэкIэ зэрагъэкIуэтэным. А мурадхэр зригъэхъулIэн щхьэкIэ, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм ятещIыхьа проект купщIафIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ДАХ-р хохьэ, къыщыхожаныкI, хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм яхуиIэ пыщIэныгъэхэр егъэбыдэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щегъэфIэкIуэным теухуауэ ДАХ-м лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр. Ар къэрал къулыкъущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру зэрадэлажьэм и щхьэпэ куэд къызэрыхэкIыр нэрылъагъущ. Си фIэщ мэхъу Зэхуэсышхуэр купщIафIэу зэрызэхэтынур, фи лъэпкъымкIи, фыщыпсэу хэгъэгухэмкIи щхьэпэ хъун унафэхэр къызэрыфщтэнур, дяпэкIи ДАХ-м зыхуигъэувыж къалэнхэр зэрызэфIихын IэмалыщIэхэр къызэригъуэтынур. ФефIэкIуэну, фехъулIэну псоми сынывохъуэхъу!»

Абы иужькIэ, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным гуащIафIэу зэрытелажьэм папщIэ, УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр Вагинэ Татьянэ яритащ адыгэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, ДАХ-м и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Адыгейм щыIэ Адыгэ Хасэм хэт ЦIыкIущэ Аслъэн, ДАХ-м и IуэхущIапIэм и унафэщI Нанэ Лерэ сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Зэхуэсышхуэм и лэжьыгъэр къыщызэIуахым къыщипсэлъам къекIуэлIахэр къызэщIиIэтащ: «Къызэрыунэхурэ илъэс щэщI ирикъуа ДАХ-м лэжьыгъэшхуэ къызэринэкIащ. Шэч къытесхьэркъым, зыхуигъэувыжа къалэнхэм, и гуащIэр мыкIуэщIу, ар дяпэкIи зэрыпэрытынум. ДАХ-м и IуэхущIафэхэм я гугъу пщIымэ, нэхъыщхьэу къыхэгъэщын хуейхэм ящыщщ ахэр ди щIыналъэм илъ зэгурыIуэныгъэр хъумэным хуэгъэпсауэ зэрыщытым. ЩIыщыIэ адыгэм ижь лъандэрэ къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр къэIэтыным, зегъэужьыным, зегъэубгъуным хуэгъэпсами, лъэпкъыбэ щIыналъэхэм Iуэху зэрыщищIэр зэи зыщигъэгъупщэркъым.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

# Щхьэгуэш Адэлбий УФ-м и Къэрал Думэм и депутату хахыж

**КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм къыщызэ-щIакъуэжащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еянэ зэхыхьэгъуэм хэтыну политикэ партхэм я хэхыныгъэхэмрэ республикэм и лIыкIуэу хагъэхьэнухэм Iэ зэрыхуаIэтамрэ къэрикIуа-хэр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэухэр фокIадэм и 17-м къыщыщIэдзауэ 19 пщIондэ хэхыныгъэхэм хэтащ. КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI **Джэш Вячеслав** къыхигъэщащ хэхыныгъэхэр зэпIэзэрыту, бэIутIэIуншэу республикэм зэрыщекIуэкIар, абы къыхэкIыу Iуэхур къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъа псоми фIыщIэ зэрахуищIыр.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ **Джаппуев Мусэ** жиIащ зы мандат зиIэ Къэбэрдей-Балъкъэр хэхакIуэ щIыналъэ №14-м щекIуэкIа хэхыныгъэхэм текIуэныгъэр Щхьэгуэш Адэлбий («Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ парт) къызэрихьар. Абы щхьэкIэ Iэ яIэтащ процент 69,75-м. Къыхэгъэщыпхъэщ Щхьэгуэшыр УФ-м и Къэрал Думэм и депутату еплIанэу зэрыхахыр. Абы къищынэмыщIауэ, хэхыныгъэхэм иджыри цIыхуиплI хэтащ - «Яблоко», ЛДПР, КПРФ, «Родина», «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партхэм къабгъэдэкIыу. КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис (КПРФ) IэIэтым процент 13,81-рэ къыщихьащ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и лIыкIуэ Настаев АлисултIан - процент 11,18-рэ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еянэ зэхыхьэгъуэм хэтыну политикэ партхэм я хэхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIар къыщызэщIакъуэжым, къагъэлъэгъуащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым процент 79,2-м Iэ зэрыхуаIэтар. КъыкIэлъыкIуэу КПРФ-м процент 16,69-рэ къиихьащ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым - проценти 2,90-рэ, ЛДПР-м - процент 0,35-рэ, «Зелёные» партым - процент 0,15-рэ, «Партия Роста» - процент 0,08-рэ, «Новые люди», «Яблоко», «Урысейм и коммунистхэр» партхэм процент 0,07-рэ, «Российская партия свободы и справедливости», «Гражданская платформа», «Зелёная альтернатива», «Родина», «Пенсэм щысхэм я парт» политикэ партхэм - процент 0,06-рэ. Хэхыныгъэхэм хэтащ цIыху 462254-рэ (процент 85,64-рэ).

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъ дэзыхьэх щIыналъэхэм хабжэ

ТУРИЗМЭМКIЭ федеральнэ агентствэм игъэбелджылащ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу зыгъэпсэхуакIуэхэм нэхъ ягу ирихьхэр. Япэ итхэм ящыщщ Урысей Ипщэр (Къырымыр, Краснодар крайр), Кавказыр (Дагъыстэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Къэрэшей-Шэрджэсыр), Уралыр (Башкортостаныр, Челябинск областыр), Алтайр, Карелиер. Туристхэр а щIыпIэхэм макIуэ альпинизмэм зыхуэгъэсэн, щыгухэм дэкIын, лъэсу къыщакIухьын, шу гъуэгухэр хашын, къуршыпсхэм къесыхын папщIэ. А унэтIыныгъэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хьэлэмэтщ. Кавказым ехьэлIауэ къапщтэмэ, ар псыхъуэ инхэрщ, къуршыпс Iуфэхэрщ, псыкъелъэхэрщ, гуэлхэрщ. Челябинскэ областым и щIыпIэ хьэлэмэтщ «Таганай» заповедникыр, Алтайр ирогушхуэ и щыгу лъагэхэмрэ Телецкэ гуэлымрэ. Камчаткэм куэд макIуэ абы и гуэлхэм, вулканхэм еплъын папщIэ.

# Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

**8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

# Адыгэбзэм и къару мыгъэунэхуа

*Илъэсипщl ипэкlэ, 2011 гъэм шыщхьэуlум и 22-м, япэу интернет губгъуэм ихьауэ щытащ «Адыгэбзэм и къару» зыфlэтща щlэныгъэ хэщlапlэр (adygabza.ru). Дунейпсо щэнхабзэм игъэфlа тхыгъэ цlэрыlуэхэмрэ щlэныгъэмрэ ди анэдэлъхубзэмкlэ къэдгъэпсэлъэнырт а япэ лъэбакъуэр щытчам мурад нэхъыщхьэу диlар. Лэжьыгъэм дызыхуей лъагагъэрэ куагъэрэ къытхуегъэщтауэ жытlэнур захуагъэу къыщlэкlынкъым, итlани, зы бжьызкlэ нэхъ мыхъуми, ди пlэ дызэрикlам и щыхьэтхэр мащlэкъым.*

*Илъэсипщl ныбжьыр щхьэусыгъуэфlу къэтлъытэри, лъэпкъым и тхыбзэм зиужьын папщlэ, зэдзэкlыгъэхэм яlэ мыхьэнэм тедгъэпсэлъыхьыну ди хьэщlэщым къедгъэблэгъащ филологие щlэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м урыс, хамэ къэрал литературэхэмкlэ и кафедрэм и доцент, «Нальчик» газетым и журналист Битокъухэ Маринэ.*



**- Дэ фlыуэ дощlэ иужькlэ «классик» зыфlащыжа тхакlуэ-усакlуэ куэдым нэгъуэщlыбзэкlэ дунейм къытехьа тхыгъэхэр зэрадзэкlыу зэрыщытар. Достоевскэми, Толстойми, Цветаевэми, Ахматовэми, Кlыщокъуэми, Щоджэнцlыкlуми хамэбзэхэм кърахыурэ я анэдэлъхубзэм тхыгъэхэр ирагъэзагъэрт. А лэжьыгъэр езыхэм я тхэкlэм зиужьынымкlи къахуэщхьэпащ, гугъу зыщlрагъэхьа бзэми фlыкlэ хэlэбащ. Нобэ зыгуэркlэ къытхуэсэбэпыжу къэплъытэрэ зэдзэкlыгъуэхэр?**

- Зэдзэкlыгъуэхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ. Лъэпкъ литературэ куэд щыlэщ тхыгъэхэр зэрадзэкlын щыщlадзам деж къыщежьауэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, урыс литературэр. XVIII лlэщlыгъуэм и кlыхьагъкlэ абы алыдж, урым щэнхабзэр, курыт лlэщlыгъуэм, узэщlыныгъэ лъэхъэнэм къриубыдэу ятхахэр урысыбзэкlэ щызэрагъэзахуэурэ къекlуэкlащ. Апхуэдэ лэжьыгъэм тхакlуэм и бзэри нэхъ хуэкъута ещl, и lэри lуэхум ирегъасэ.

Зэдзэкlакlуэм тхыгъэр зэрызэпкърылъ щlыкlэр, абы и кlуэцlым щызекlуэ зэпыщlэныгъэхэр елъагъу, лэжьыгъэм нэхъ хищlыкlи мэхъу. Зи цlэ жыжьэу lуахэм ящыщу зыри епэгэкlакъым зэдзэкlын lуэхум.

Псалъэм папщlэ, Бродский Иосиф Америкэм lэпхъуа нэужь, инджылызыбзэкlэ зэрытхэм икlи зэрыригъаджэм къыдэкlуэу, куэд дыдэ зэридзэкlырт. Ар ахъшэ къэлэжьыпlэу е зэштегъэуууэ къимылъытэу, и лэжьыгъэр езыгъэфlакlуэ гуэрут зэригъэувыр. Абы къыхэкlыу, зэдзэкlыгъэхэр къытфlэмыlуэхуу хъунукъым. Абыхэм я фlыгъэкlэ усакlуэбзэми зеужь, тхыгъэр зэрызэрадзэкl лъэпкъыбзэри йофlакlуэ.

Урыс усыгъэм и гугъу тщlымэ, зэдзэкlакlуэхэм щlэныгъэ къудамэ лъэщ зэфlагъэувауэ щытащ, яхуэбгъэдэн Европэ псом щыгъуэтыгъуейуэ. Усэ зэзыдзэкl усакlуэм бзэр нэхъ зыхищlэ зэрыхъум нэмыщl, тхыгъэр зэрызэридзэкlыр нэхъыбэм езым и анэдэлъхубзэрщи, абы и къаруущlэ, иджыри къэс гу зылъамыта и лъэныкъуэщlэ игъэунэхуну lэмал кърет. Аращ зэдзэкlыгъэхэм мыхьэнэшхуэ щlаlэр.

**- Тхыгъэ щызэрадзэкlым деж ар усакlуэм и анэдэлъхубзэм къизых щыlэщ, зыгуэрым зэридзэкlар зэзыдзэкlыжи урохьэлlэ. Псалъэм папщlэ, Шекспир псоми инджылызыбзэм кърахыркъым. Оригиналым къытращlыкlар нэхъ зыхуей хуэзауэ, зытхам и гупсысэм нэхъ пэгъунэгъуу къалъытэ. Ауэ апхуэдэ lэмал ущимыlи къохъу. Сыт пхужыlэнур зэдзэкlыгъуэхэр зэрагъэхьэзыр щlыкlэм теухуауэ?**

- Дэтхэнэ зэдзэкlыгъуэри оригиналым и lункlэбзэlух хуэдэу щытщ. Усакlуэбзэм нэщыпхъуэр трихым ещхьщ зэдзэкlакlуэм. Гурыlуэгъуэщ а лэжьыгъэр зэфlэкlыху, оригиналым хэлъ гуэрхэр зэрыкlэрыхум. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ тхыгъэр здэбгъэlэпхъуэ бзэм и lэмалхэр иримыкъункlи хъунущ, оригиналым щlэлъ мыхьэнэ гуэр къиlуэтэну. Абы зэрызэбдзэкl бзэр игъэнэхъыкlэу, е абы зыгуэр хуэчэму къикlыркъым - зытхам и бзэмрэ зэдзэкlыгъэм еймрэ зэмыщхьу аркъудейщ.

«Зэдзэкlыгъуэм къытрахыжа зэдзэкlыгъуэм» и гугъу тщlымэ, абы усэбзэр етlуанэу зэрих хуэдэу мэхъу. Абы, зы лъэныкъуэкlэ, тхыгъэм щlэщыгъуэу хэлъыр нэхъ хегъэщl, нэгъуэщlу уеплъми, оригиналым lукlэщlэ къызыкъуихыну lэмал ирет. Апхуэдэу щыхъур зэдзэкlын lуэхур литературэм и къудамэ щхьэхуэу къатщтэмэщ.

Бзэм и lэмалхэр къэпщlэн къудей папщlэ зэдзэкlыным зыщептым деж, псом нэхърэ нэхъыфlу къысфlэщlыр «подстрочник» жыхуаlэм хуэдэ пщlынырщ: тхыгъэм къикl дыдэр зэрызэбдзэкl бзэмкlэ птхынырщ.

Мы lуэхур кавказыбзэхэм, лъэпкъ цlыкlукlэ зэджэ бзэхэм я узщ, къэбэрдей адыгэбзэри хиубыдэу. Дэ урысыбзэкlэ зэрадзэкlахэм куэд дыдэ къытыдощlыкlыж. Ипэжыпlэкlэ апхуэдэу щытын хуейкъым. Ар зыхуэбдэж щыхъунур зэдзэкlыкlэ зебгъэсэхущ, бзэм и lэмалхэм уеплъын щхьэкlэ.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ оригиналым и бзэкlи дыщlагъуэкъым, адыгэбзэри нэгъэсауэ тщlэркъым. Абы къыхэкlыу, псоми дыкъезыгъэлыну къытфlэщl подстрочникым долъыхъуэ, ауэ щыхъукlэ, а подстрочникри, псалъэм папщlэ, испаныбзэм кърахри урысыбзэм къахьауэ аращ. Е инджылызыбзэм кърахри – урысыбзэм. Кlуэ, дызытепсэлъыхьыр зи дагъуэр литературэракъым мыбдежым. Ар зи щыщlагъэр ди щlэныгъэрщ, щэнхабзэрщ. Европэм, псалъэм папщlэ, апхуэдэ бзэ ныкъусаныгъэхэр щызекlуэркъым.

**- Уэ зэдзэкlыгъэу лэжьыгъэ гуэрхэр утыку ипхьауэ дрихьэлlат. Уи щхьэкlэ бгъэунэхуахэм ящыщу сыт уигу къинэжа, чэнджэщ хъун хуэдэу? Адыгэбзэкlэ сыт хуэдэ тхакlуэ е усакlуэ «къэдгъэпсэлъэныр» нэхъ пфlэигъуэ?**

- Сэ си зэдзэкlыгъуэхэр литературэ зэдзэкlыгъуэу щыткъым, сыт щыгъуи сызэлэжьыр подстрочникхэрщ. Бзэ гуэр щызэзгъащlэм деж ахэр къыздэlэпыкъуу къысщохъу. Псалъэм папщlэ, испаныбзэ е инджылызыбзэ щызэзгъащlэм щыгъуэ, Гарсиа Лоркэ ей гуэрхэм, Шелли и усэхэм селlалlэу щытащ. Мачадо Мануэль и усэхэр испаныбзэм къисхащ аспирантурэм сыщыщlэса зэманым.

Си зы гуращэм и гугъу сщlыну сыхуейт. Егъэлеяуэ сыщlохъуэпс Гарсиа Лоркэ и усэ къыхэхахэм я тхылъыфl адыгэбзэкlэ диlэным. Си гугъэмкlэ, абы урысыбзэ зэдзэкlыгъуэхэм идмыгъуатэ зыхэщlэныгъэ гуэрхэр къытхуздихьынущ. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, испаныбзэм къыдекlуэкl щэнхабзэр куэд дыдэкlэ адыгэбзэм и мыхьэнэ къэщтэкlэм, и щlагъыбзэм, дуней еплъыкlэм, нэгу къыщlэгъэхьэкlэм ещхьщ. Лоркэ зыщыщ ипщэ Испаниер Кавказым егъэлеяуэ ещхьщ. Аращ абы сыщlыщlэхъуэпсыр.

Сэ сызэрегупсысымкlэ, сыт хуэдэбзэкlи зэдзэкlын хуейщ тхыгъэхэр. «Хэт абы къеджэнур?» - хуэмыху псэлъафэр къызыфlэбгъэlуэху хъунукъым. Пэж дыдэу, нобэ абы зыри къемыджэнкlи хъунщ. Уеблэмэ пщэдеи зыри къеджэнкъым. Зэи зыри къемыджэххэнуи сощl. Итlани, Щlы хъурейм и ноосферэм (погуфlыкl) итынущ а зэдзэкlыгъэр, арищи, уи lэр бгъэувыlэ хъунукъым.

Иджырей тхыгъэхэм щыщу сыт адыгэбзэкlэ зэдзэкlыпхъэу къэплъытэрэ жыпlэмэ, си щхьэкlэ Гарри Поттер теухуа тхылъхэр адыгэбзэкlэ зэддзэкlыныр сфlэигъуэщ. А тхылъ къызэрымыкlуэр ди анэдэлъхубзэм къидгъэзэгъэфмэ, ар lэмал имыlэу бзэми литературэми къаруущlэ яхуэхъунущ, тlури тхылъеджэхэм нэхъ щlэщыгъуэ ящищlыжынущ.

**- Дэ «Хамэ къэрал литературэ» («Иностранная литература») журналыр тlэщlэлъу дыкъэхъуащ. Апхуэдэ «журнал lув» адыгэбзэкlэ къыдэгъэкlын гупыжым дауэ ухущыт, хамэбзэхэм къраха тхыгъэхэр къыщытрадзэу?**

- Си щхьэкlэ «Хамэ къэрал литературэр» сlэщlэлъа зэпыту схужыlэнукъым, ауэ lэмал щызгъуэтым деж седжэрт. Куэд щlакъым абы и тедзапщlэм сызэреплъри (мэдыхьэшх), егъэлеящ. Си гугъэмкlэ, лэжьыгъэр къэмыувыlэн хуэдэу пхузэтеухуэмэ, апхуэдэ гупыжым фlы куэд къыдэкlуэнущ. Журналым куэдым lэ традзэнукъым, дауи, абы уигу къебгъэуlэ хъунукъым. Къызыфlэlуэхухэм я бжыгъэм кlуэ пэтми зэрыкlэрыхунум ухуэхьэзырмэ, нэхъыфlщ. Толькъуным ещхьыну къыщlэкlынщ: дэуейрэ – къехуэхыжу. Аращи, лэжьыгъэм зезыпщытыну цlыхур е гупыр абы хуэхьэзырын хуейщ. Текlуэдэну мылъкури гу зылъытапхъэщ. Псом нэхърэ нэхъыфlыр абы ахъшэ хэзылъхьэн къэбгъуэтынырт. Ари зэхэщlыкl зиlэ цlыхуу щымыту хъунукъым. Псалъэм папщlэ, зэрахуэмыщэр игу техуэу. Итlани, адыгэбзэкlэ зэрадзэкlа тхыгъэхэр зэрыт журнал къыдэбгъэкlыныр нэхъ сфlэгупыж узыншэщ сэ цlыхубэ-политикэм е щэнхабзэм епха журнал къыдэбгъэкl нэхърэ. «Псынэм» е абы ещхь адрейхэм къащыщlар сыт? Еджэр мащlэти, зи мылъку хэзылъхьэхэми lуэхур хуэм-хуэмурэ яlэщlэужэгъуащ, аращ ахэр къыщlэувыlар. Мылъку хэлъхьэн къалэныр къэралым и пщэ зыгуэру пхудегъалъхьэмэ (мэдыхьэшх), шэч хэмылъу, lуэхур щхьэпэ дыдэ хъунущ. Сыту жыпlэмэ, абы и фlыгъэкlэ зэдзэкlыгъэхэм елэжь щlэныгъэ къудамэ («Школа перевода») зэдгъэпэщыфынущ. Апхуэдэ къудамэм мыхьэнэшхуэ иlэщ литературэр и пlэ имыуджыхьын щхьэкlэ. Ауэрэ илъэсипщl е тlощl дэкlмэ, бзэри адыгэ литературэри, зыгуэр къыщlэрыlам ещхьу, нэхъ яфlэщlэщыгъуэ хъужынущ.

**- Толстой Лев и унэ лъапсэм, музей ящlыжам, критикхэм щрагъэкlуэкlа зэхуэсым ущыlауэ хъыбар зэхэтхащ. Сыткlэ уигу къинэжа а зэlущlэр?**

- «Критикхэм я еджапlэм» и япэ зэхуэс щрагъэкlуэкlащ Ясная Полянэм. УФ-м критикэм и щlэныгъэ къудамэ къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ. Гъэщlэгъуэн куэд щызэхэсхащ абы. Къызэрыщlэкlымкlэ, литературэ критикэр дэхуэхыжыпэным зэрынэсам гу лъатэри, къагупсысауэ аращ Курбатов Валентин и цlэр зыфlаща а еджапlэр. Критикэ лэжьыгъэхэм ехьэлlа куэдым я гугъу къытхуащlащ. Абы теухуауэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тхыгъэ хузогъэхьэзыр.

*Епсэлъар* **ЧЭРИМ Марианнэщ.**



# Цlыху, сурэтыщl гъуэзэджэ

**Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ къыщызэlуахащ КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщl Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и lэдакъэщlэкlхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.**



МУЗЕЙМ и пэш lэхуитлъэхуитым ягъэбжьыфlэ Бгъэжьнокъуэм графикэ жыпхъэм иту лъэпкъым, тхыдэм, lуэрыlуатэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщl куэдми теухуауэ ищlа лэжьыгъэхэм. Художественнэ тхыгъэхэм я лlыхъужь куэд къахыбоцlыхукl абыхэм. Сурэт къэс зы хъыбар, ухуейуэрамэ, гъащlэ псо къаlуатэ. Псом хуэмыдэу гъэщlэгъуэн сщыхъуащ абы Нарт эпосым и лlыхъужьхэм я теплъэр зэрищlар, ахэр сызэмысащ, щlэщыгъуэщ, ауэ щыхъукlи, къэсцlыхуж теплъэ телъыджэщ.

КъБР-м и Сурэтыщlэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Темыркъан Геннадий** зэlущlэр къыщызэlуихым жиlащ Адыгэхэм я махуэм ирихьэлlэу Бгъэжьнокъуэм лъэпкъ нагъыщэкlэ бей и лэжьыгъэхэр утыку къызэрырахьар игъуэу къызэрилъытэр.

- Заурбэч и творчествэр зэрыщыту хуэгъэпсащ къызыхэкlа лъэпкъым, абы и лъапlэныгъэ нэхъыщхьэхэр екlуу, щlэщыгъуэу къэlуэтэнымкlэ лэжьыгъэшхуэ ещlэ. Сэ къызолъытэ абы и lэрыкlхэр адыгэ лъэпкъым и дамыгъэу. Сыхуейт лъэпкъ куэдым Бгъэжьнокъуэм и сурэтхэр ялъагъуну, лъэпкъыпсэ–лъэпкъыгу псалъэхэм я мыхьэнэр мы сурэтыщlым и лэжьыгъэхэмкlэ зыхащlэну. Апхуэдэуи сыхуейт мы пэшым къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм нэхъыбэ къакlуэу еплъыну, дыщlэгушхуэ сурэтыщlым и лэжьыгъэхэм щымыгъуазэхэм зрагъэцlыхуну, зыцlыхухэм абы и зэфlэкlыр зэрыбгъуфlэр иджыри зэ хьэкъ ящыхъужыну. Пщlэ ин хузощl емызэшыжу и лъэпкъым зэрыхуэлажьэм, творческэ гъуэгуанэ дахэ зэрыпхишам папщlэ.

Бгъэжьнокъуэм фlыщlэ псалъэкlэ зыхуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Аминат**.

- Мы пэшым щlэт дэтхэнэри дахагъэм хуэпlащlэу къызэрыкlуар си фlэщ мэхъу. Сызэреплъымкlэ, сыщыуэнукъым, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч и творчествэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр, адыгэ лъэпкъыр щlэгушхуэн фlыгъуэщ жысlэмэ. Адыгэхэм я махуэшхуэм, ар къызэрызэlуахам мыхьэнэ зэриlэр псоми къыдгуроlуэ, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, абы и ехъулlэныгъэм и щэху нэхъыщхьэр и лъэпкъым хуиlэ пыщlэныгъэ быдэмрэ фlылъагъуныгъэмрэщ. Куэд щыгъуазэщ Бгъэжьнокъуэр зэрыегъэджакlуэ бэлыхьым. Егъэджакlуэу улэжьэн папщlэ зэфlэкl пыухыкlа ухуейщ. Уи lэзагъэмкlэ щlэблэм уадэмыгуэшэфрэ сабийхэм бзэ къахуумыгъуэтыфмэ, егъэджэныгъэ lуэхум пхухэлъхьэн щыlэкъым, псом хуэмыдэу творческэ lэщlагъэхэм ехьэлlауэ. Сурэтыщlым и мызакъуэу, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэми мы гъэлъэгъуэныгъэмкlэ сехъуэхъуну, зымылъэгъуахэр еплъыну къыхуезджэну сыхуейт.

Зэlущlэм зыкъригъэхьэлlат мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкlуэжауэ щыlэ, УФ-м и цlыхубэ, КъБР-м щlыхь зиlэ я сурэтыщl **Пащты Герман**. Абы жиlащ Бгъэжьнокъуэм хуэдэу полиграфиемрэ графикэмрэ хуеджауэ ди республикэм зыбжанэ фlэкl зэримысыр. Пащтым игу къигъэкlыжащ, Бгъэжьнокъуэр щылажьэу щыта тхылъ тедзапlэр нэхъыфlхэм хабжэу, зэпеуэ зэмылlэужьыгъуэхэм пашэныгъэ щаубыду зэрыщытар Заурбэч зэрифlыщlэр. Абы и лэжьыгъэхэм щыщу Нарт эпосым хуищlа сурэтхэм щхьэхуэу къытеувыlащ Пащтыр. Ди лъэпкъэгъум а сурэтхэм къыщигъэлъэгъуа lэзагъэ иным, зэфlэкlым, гупсысэхэм я щlэщыгъуагъым тепсэлъыхьащ Герман.

- Сэ стхыр макъамэщи, Бгъэжьнокъуэм и сурэтхэм ящlэлъ макъамэм сытепсэлъыхьынущ, - мы псалъэхэмкlэ жиlэнур иублащ композитор **Хьэlупэ Джэбрэlил**. - Заурбэч и гъэлъэгъуэныгъэ куэд щlауэ сыщlэхъуэпсырти - нобэ слъэгъуащ! Макъамэм сызэрыхуэтхьэкlумафlэм и гъусэу, нэгъуэщl макъами зэхэсхыну си насып къихьащ, ар итхъа цlыкlум (штрихым) и макъамэщ. Графикэм деж абы къалэнышхуэ зэригъэзащlэм куэд щыгъуазэщ. Нтlэ, макъамэми а зы итхъа цlыкlум мыхьэнэшхуэ щиlэщ. Мы сурэтхэм еплъ куэдым ялъагъунур зы жыпхъэм иту щlа теплъэгъуэщ, ауэ упкърыплъыхьыпэмэщ абы нагъыщэрэ щlагъыбзэу щlэлъым гу щылъыптэр. Абы и кууагъыр нэсу къызыгурыlуэфынур зырызщ, езы Заурбэч хуэдэу гу къабзэ зиlэхэрщ. Гъащlэшхуэ уиlэну, дахагъэ куэд плъагъуну, абыкlэ укъыддэгуэшэну си гуапэщ.

«Эльбрус» тхылъ тедзапlэм и унафэщl **Ацкъан Руслан** Заур зэрысурэтыщl lэзэм хуэдэу, ныбжьэгъу бэлыхьу, цlыху щыпкъэу зэрыщытым яхутепсэлъыхьащ къызэхуэсахэм.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ институтым адыгэ lуэрыlуатэмкlэ и секторым и унафэщl **Гъут lэдэм** сурэтыщlым и lэдакъэщlэкlхэм къыпхалъхьэ къарум, гушхуэныгъэм къытеувыlащ. lуэрыlуатэджым жиlащ лэжьыгъэхэр гъэщlэгъуэн зэрыщыхъуар, языныкъуэхэр телъыджэ дыдэу къызэрилъытэр.

Пlалъэ къызыхэкl мыхъуну сабий хирургиемрэ травматологиемкlэ щlэныгъэ къэхутакlуэ институтым нейрохирургиемкlэ и къудамэм и унафэщl, Медицинэ щlэныгъэхэмкlэ Урысей академием сабийхэм я узыншагъэмкlэ и щlэныгъэ центрым и лэжьакlуэ пажэ, медицинэ щlэныгъэхэм я доктор **Семэн Жаннэ** къыщыпсэлъащ гъэлъэгъуэныгъэм.

- Си насып кърихьэкlри, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Хьэlупэ Джэрбэlил хуэдэ цlыхушхуэхэр гъунэгъу къысхуэхъуащ. Абыхэм я цlыху щlыкlэкlэ япэсщlын щымыlэу фlыуэ солъагъу, апхуэдэ дыдэу солъагъу абыхэм я творчествэ къулейри.

Заурбэч и гъэлъэгъуэныгъэу Москва щащlахэм мызэ-мытlэу сыкlуати, куэду пщlэ къызэрыхуащlыр, и творчествэр фlыуэ зэралъагъур си нэгу щlэкlащ. Ар цlыху псэ къабзэщ, сэ сызэреплъымкlэ, а и псэ къабзагъэращ абы и сурэтхэм дыдэзыхьэхыу къахэщри. Мы пэшым щытлъагъу сурэтхэм я нэхъыбэр фlыцlэрэ хужьущ зэрызэхэтыр, ауэ а плъыфитlыр сурэтыщlым зыуэ lэззэу егъэджэгури, абы гуапагъэри, хуабагъэри, нэхугъэри къобэкl. Сынасыпыфlэщ абы и кlыщым сыкlуэурэ сыбгъэдэсыну lэмал сызэриlэм папщlэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт нобэ пэшым щытлъагъур лъэпкъыр щlэгушхуэн фlыгъуэ ину къызэрыслъытэр, - жиlащ Жаннэ.

- Мы гъэлъэгъуэныгъэр зэрымыщlэкlэ сщlауэ жыпlэ хъунущ,- къригъэжьащ Бгъэжьнокъуэм псалъэ щратым. - Къыпымрэ сэрэ еджапlэ дыкъыщикlыжам, батэкъутэ дгъэшын ди гугъэу, Налшык гъэлъэгъуапlэ пэш къыщызэlутхыу графикэмрэ живописымрэ абы щыдгъэлъэгъуэну псалъэ зэттыжат. Ар къыдэмыхъулlауэ республикэм ди lэдакъэщlэкlхэр утыку къыщидмыхьэныр ди мурад быдэт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гугъэмрэ гъащlэмрэ зэтехуэркъым. Си гъэлъэгъуэныгъэм си къуэрылъху цlыкlухэм я цlэ фlызощ, абыхэм тыгъэ яхузощl, - жиlэри Бгъэжьнокъуэм пщащэжьей тхьэlухудитl утыкум кърищащ. Адэшхуэм и гуапэу къыхигъэщащ абыхэми сурэт зэращlыр.

Ди гуапэщ Заурбэч и унагъуэ дахэм, лъэпкъым хуэузыншэу, иджыри куэдрэ и lэдакъэщlэкlхэмкlэ лъэпкъ гъуазджэр игъэбжьыфlэну!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Дунейм щыхъыбархэр

## Урысейм фоуэ ищэм хохъуэ

**УФ-м Хамэ къэралхэм сату зэрыдащlым зегъэужьынымкlэ и къэрал центрым къызэритамкlэ, Урысейм фоуэ ищэр 2021 гъэм я ипэ илъэс ныкъуэм процент 60-кlэ нэхъыбэ хъуащ икlи тонн 1500-м нэблэгъащ. Илъэс кlуами хамэ хэкухэм фо куэд хурагъэшащ – тонн 2300-рэ ищащ, сом меларди 5,2-рэ хуэзэу.**

Фор зыщэхухэм я бжыгъэм зэрыхэхъуари хъыбарыфlхэм яхыубжэ хъуну къалъытэ lэщlагъэлlхэм – Урысейм и мэкъумэшбанк»-м къызэритамкlэ, ар къэрал 31-м ирагъашэ иджы, илъэс кlуам зэрыщыта 17-м и пlэкlэ. Европэ зэгухьэныгъэм щыщу ди фор нэхъыбэу зыщэхухэм я деж бжьыпэр щаlыгъщ Германиемрэ Польшэмрэ. Чехием иращэри куэдкlэ нэхъыбэ хъуащ. Мы зэманым ирихьэлlэу абы хурагъэшакlэщ фо тонн 42-рэ – илъэс кlуам елъытауэ процента 153-кlэ нэхъыбэ.

Щэхуэгъу нэхъыщхьэу къонэж Совет Союзым хэта щlыналъэхэр – процент 53-рэ яхуозэ. Абыхэм ящыщу нэхъ жыджэру урысей фор зыщэхур Белоруссиерщ. Къэзахъстаным хурагъашэми хэпщlыкlыу хэхъуащ – абы иращащ тонн 364-рэ, ар блэкlа илъэсым и иджы хуэдэ пlалъэм еплъытмэ, процента 120-рэ мэхъу. А ерыскъы lэфlым мы гъэм къыщlэупщlауэ хурагъашэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Мароккэм, Корее Ипщэм.

## Мэз хъурей ягъэкlынущ

**Испанием и къалащхьэ Мадрид и хъуреягъкlэ мэз щыхэсэным теухуа унафэ къащтащ иджыблагъэ. Абы псори зэхэту километр 75-рэ и кlыхьагъыу щытынущ икlи жыгхэр къызэщlэрыуэрэ къару ягъуэтмэ, зы илъэсым крибыдэу углекислэ гъуэзу тонн мини 175-рэ зыщlашэфынущ.**

Мадрид и lэтащхьэм щlыуэпсыр хъумэнымрэ къалэм зегъэужьынымкlэ и чэнджэщэгъу Фуэнтэс Марианэ а жэрдэмыр къыщlыхалъхьам мыпхуэдэу топсэлъыхь: «Дэ ди мурадыр къалэ псом хьэуар щыдгъэкъэбзэнырщ, абы гъуэзу щызэтрихьэр дэшынырщ. Апхуэдизкlэ автомашинэ куэд Мадрид щызэтрехьэри, ущымыбэуэжыфыным хуэдизу, къалэр къоплъ. Абы хэкlыпlэ къыхуэтлъыхьуэурэ дызыхуа гупсысэщ мыр. Къалэм иджыпсту къегъэкlэкlа жыгхэм къахэдгъэхъуэнущ, автомобилхэм я бжыгъэри зэрыхъукlэ дгъэмэщlэнущ».

Ар къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ зыхуагъэувыж. Ахэр къайхъулlэмэ, къалэм и дэтхэнэ хьэблэми щхъуантlагъэхэм щlагъанэ лъэс зекlуапlэхэр яlэу щытынущ, экологие къабзэм цlыхухэм пщlэ хуащlуи иригъэсэнущ. Хасэну жыг лъэпкъыгъуэхэри къыхахащ – псей, бжей, мышхумпlей хуэдэхэр нэхъ къащтэ, ахэр я щlыпlэм нэхъ къозэгъри, кlын, заужьын щхьэкlэ псыуэ зыхуейри мащlэщи. Мэзым псэущхьэхэр щыбэгъуэжынми щогугъ а лэжьыгъэр къезыхьэжьахэр.

Зэрытраухуамкlэ, мэз хъурейр паркыу щытынукъым, ауэ щlыуэпсыр фlыуэ зылъагъухэм, абы зыщызыгъэпсэхуну хуейхэм апхуэдэ lэмалхэр щагъуэтыну щыпlэхэри хэтынущ.

**ФокIадэм и 23, *махуэку***

♦**lэпэтэрмэшкlэ зэпсалъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Къуэкlыпlэ Жыжьэм щагъэлъапlэ къаплъэным и махуэр**
♦**Сауд Хьэрыпым и къэрал махуэшхуэщ** – пащтыхьыгъуэ щигъуэта махуэщ. 1932 гъэм къыдэкlащ «Хьэрып пащтыхьыгъуэм и щlыналъэхэр зэгуэгъэхьэжыным теухуауэ» унафэр. Абы ипкъ иткlэ къэралым Сауд Хьэрып Пащтыхьыгъуэ цlэр игъуэтащ.
♦**Литвам щалэжьа щlэпхъаджагъэшхуэм хэкlуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. 1943 гъэм фашистхэм Вильнюс щызэтраукlэу хуежьащ абы щыпсэу журтхэр. Абы дэса цlыху мин 40-ри къанэ щlагъуэ щымыlэу хэкlуэдат.
♦**1846 гъэм** нэмыцэ астроном Галле Иоганн планетэщlэ къихутащ. Иужькlэ абы Нептун фlащащ.
♦**1848 гъэм** Америкэм щыщ Куртис Джон ягъэныщкlу сагъыз ищlауэ щытащ.
♦**1869 гъэм** Менделеев Дмитрий химие элементхэм я периодическэ законыр къызэlуихащ.
♦**1924 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щlэныгъэншагъэр щыгъэкlуэдынымкlэ комиссэ къызэрагъэпэщащ.
♦**1925 гъэм** къащтащ «СССР-м и дзэм lэмал имыlэу къулыкъу щызыщlэн хуейхэм ятеухуауэ» законыр.
♦**1937 гъэм** Архангельскэ, Вологодскэ областхэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Полтавэ къалэр фашистхэм къыlэщlагъэкlыжащ.
♦**1944 гъэм** Польшэм щыпсэу украинхэр а къэралым кърагъэlэпхъукlыу хуежьащ. Абы и жэуапу, Украинэм щыпсэу полякхэри ирахужын щlадзащ. А lуэхум егъэзыгъэ хамылъхьэну зэгурыlуами, апхуэдэу хъуакъым – а лъэхъэнэм я щхьэр Польшэм ирахыным ирахулlауэ щытащ украин мин 600-м къыщыщlэдзауэ мелуаным нэс.
♦**1991 гъэм** Арменией и Совет Нэхъыщхьэм и къэрал щхьэхуитыныгъэм теухуа унафэ къищтащ.
♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыдигъэкlащ Свердловск, Загорск къалэхэм нэхъапэм зэреджэу щыта цlэхэр яфlэщыжыным теухуауэ. Япэм Екатеринбург, етlуанэм Сергиев Посад цlэхэр иратыжащ.
♦**2000 гъэм** Тегенекли къуажэм къыщызэlуахащ усакlуэ, актёр цlэрыlуэу щыта, 1966 гъэм lуащхьэмахуэ лъапэ щытраха «Вертикаль» фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщlа Высоцкий Владимир и музей.
♦КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Тхьэгъэзит Зубер** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Урысей тхыдэдж, тхакlуэ, драматург **Радзинский Эдвард** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Австрием щыщ актрисэ **Шнайдер Роми** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Испанием щыщ уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ **Иглесиас Хулио** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 – 12, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 24, *мэрем***

♦**Тенджызым и дунейпсо махуэщ**
♦**Чэруанакlуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Кърым Республикэм и Къэрал гербымрэ къэрал ныпымрэ я махуэщ**
♦**1801 гъэм** Къуэкlыпlэ Куржыр Урысей империем хагъэхьащ.
♦**1812 гъэм** Бородино деж щекlуэкlа зауэм уlэгъэ хьэлъэ щыхъуащ икlи щыхэкlуэдащ пщы, дзэзешэ, Суворовым и гъэсэн Багратион Пётр.
♦**1938 гъэм** Гризодубовэ Валентинэ зи унафэщl кхъухьлъатэм Москва – Къуэкlыпlэ Жыжьэ гъуэгуанэр къемытlысэхыу зэпичащ.
♦**1957 гъэм** Барселонэ къалэм къыщызэlуахащ «Камп Ноу» стадионыщlэр. Иджыпсту ар Испанием и мызакъуэу, Европэми щынэхъ ин дыдэщ – абы цlыху 99.354-рэ йохуэ.
♦**1960 гъэм** США-м дунейм щыяпэу псым трагъэхьащ кхъухьлъатэхэр къешэкlыным хуэщlа атом кхъухьыр.
♦**1993 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ комиссэ.
♦**1999 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэlуахащ Артур Конан Дойль и литературэ лlыхъужь цlэрыlуэ Холмс Шерлок и фэеплъ.
♦**2010 гъэм** дунейм ехыжащ СССР-м и вице-президенту, къэралым «шыщхьэуlу зэхъуэкlыныгъэхэр» къыщызэзыгъэпэща ГКЧП-м и унафэщlу щыта Янаев Геннадий.
♦Уэрэдус, уэрэджыlакlуэ, джэгуакlуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ** къызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.
♦Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщlу, премьер-министру, Сенатым и lэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦Совет къэрал, политикэ лэжьакlуэ, 1984 - 1985 гъэхэм СССР-м и унафэщlу щыта **Черненкэ Константин** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦Усакlуэ, тхакlуэ, зэдзэкlакlуэ **Рубальская Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей-Балъкъэрым цlыхухэм lуэхутхьэбзэ яхуэщlэнымкlэ и lэнатlэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Уэркъуасэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Адыгэ усакlуэ, зэдзэкlакlуэ **Семэн Руслан** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Тележурналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал lуэхущlапlэм и унафэщlу щыта **Къардэн Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 – 12, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

**Псалъэ гуапэ гугъэдахэщ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# КIэртIофым и илъэскъым

## Иджы щыщIэдзауэ абы и уасэхэр мэдзакъэ

**«Гъавэ уиIэмэ, уэрэди уиIэнщ», - жиIэрт фIыуэ ялъагъу, тIэкIуи ауан ящI генсек Брежнев Леонид. Гъавэр диIэщ, дызыщыгугъам нэмысми: мэкъумэшыщIэхэм кърахьэлIар тонн мелуани 118-рэщ - зыпэплъам нэхърэ проценти 8-кIэ нэхъ мащIэщ. Нэхъыбэ дыдэ къащехъулIа 2017 гъэр - тонн мелуани 135-рэ - тхыдэм къыхэнащ зэкIэ. Ауэ ахэр мы гъэм нэхъ къэзыгъэщIэхъуар кIэртIофырщ - дэтхэнэми и унагъуэм сыт щыгъуи илъын хуей ерыскъыпхъэрщ. КъатIыжу щIадза къудейщ, ауэ и уасэр махуэ къэс докIуей. Тыкуэнхэм зы килограммым сом 35 - 40-р къыщыбжаIэ. Ар иджыпстущ. ИтIанэ-щэ?**

ХАДЭХЭКIРИ мы гъэм нэхъ мащIэщ, ауэ цIыхухэм ар апхуэдэу зыхащIэркъым - пхъымрэ кIэртIофымрэ зэхуэдэкъым.

Сыт атIэ ар къызыхэкIар? Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, кIэртIофым и хэхъуэгъуэм псы ирикъуу игъуэтакъым: дэ дощIэж гъэмахуэр егъэлеяуэ хуабэу зэрыщытар. Аращи, цIыкIуу, зимыужьу къэнащ. Гъэ тэмэмхэм апхуэдэхэу къахэкIыр процент 40-т, адрей процент 60-р сатуущIхэм гуфIэжу пIахырт. ЕтIуанэрауэ, езы унагъуэхэм я хадэхэм а къэкIыгъэм гулъытэ щыхуамыщIыж хъуащ - зехьэгъуейщ: хэпсэн, упщIэн, щIэптхъуэн, уи Iэхэр якIэрумыгъэкIыу колорадэ цIыв емынэунэм щыпхъумэн хуейщ. КъэптIыжынри гугъущ. А псом къыдэкIуэуи, иужь илъэсхэм кIэртIофыр къайхъулIакъым. Хэбгъэзыхьмэ, хасам хуэдиз къыщрамыхьэлIэжа, къыщамытIыжыхи куэдрэ къэхъуащ. Абы къыхэкIыу а ерыскъыпхъэр къащэхумэ нэхъ къащтащ. Ар тынш: хьэсэбгъухэм нэхъ пуду къущащэрт, уэрамхэм автомашинэхэмкIэ къыдашэри езэгъэрабгъут.

Ещанэрауэ, фейдэшхуэ къызыпах къэкIыгъэхэр утыку къихьащ: хамэ къэралхэм къраш мыIэрысей, кхъужьей цIыкIухэр, зи хадэхэр къанэ щымыIэу мамкъутым иуыда унагъуэхэри мащIэкъым. Дауи, абыхэм зыхащIэнукъым кIэртIофыр лъапIэми. Адрейхэр-щэ?

ИкIи, псори зэкIуэлIэжращи, мы IэнатIэр ди къэралым зыми и нэIэ щыщIэткъым. Аращи, щхьэж езыр зэрыхуейм хуэдэу ещIэ. Нэгъабэ кIэртIофыр пудамэ, мы гъэм щIы нэхъ мащIэщ хухахынур, лъэпIамэ, нэхъыбэ лъагъэсынущ. КIэртIофыпкъэу щытахэр сэхураным, жэгундэхэм, нэгъуэщIхэм яубыд.

Мис апхуэдиз лъэпощхьэпохэр щыIэщ. А псоми щIыгъуж ди къэралым и щIыпIэхэм кIэртIофыр зэхуэдэу зэрыщымыхъур. Ди республикэр абы и лъэныкъуэкIэ нэхъ зыкъуэсыр Дзэлыкъуэ районырщ, адрей куейхэри Iуэхум хэIэбэ пэтми.

IэщIагъэлIхэм къалъытэ мы гъэм къэрахьэлIэну кIэртIофри ди цIыхухэм яримыкъуну. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэгъуэщI щIыналъэхэм къитшын хуей хъунущ. Мыбы политикэри пыщIащ. Урысейм ярищIылIа санкцэхэм япкъ иткIэ (1914 гъэм УФ-м Къэрымыр къызэрызэрыхигъэхьэжам къыхэкIыу езым кърищIылIа санкцэхэм я жэуапу) ерыскъыпхъэхэр къыщащэху хъунукъым США-ми, Евросоюзми, Украинэри яхэту, нэгъуэщI къэрал зыбжанэми. Белоруссием къитшыфынукъым дэ дызыхуейнум хуэдиз. Къэнэжыр Пакистанырщ, Иранырщ, Израилырщ, Азербайджанырщ, Египетырщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, кIэртIофыр лъэпIэнущ. Былымылымрэ джэдкъазылымрэ я уасэхэр зыхуэдизыр фолъагъу.

# Языныкъуэхэм ят, адрейхэм Iах

## хуэдитхукIэ нэхъ псынщIэу

**Дэ зытIпIытI зытхузу допсэу дызыхэхуа пандемие кIыхьым (зи кIэр дымылъагъум) и зэранкIэ. Ауэ гъащIэр къызэтеувыIэркъым.**

АБЫ и щыхьэтщ мылъкур хьэрэмыгъэкIэ зэлъэфэлIэным егъэщIылIа «лэжьыгъэр» ужьыхыным и пIэкIэ нэхъри къызэрызэщIэрыуэр. Урысейм и прокуратурэ нэхъыщхьэм иджыблагъэ хэIущIыIу ищIащ апхуэдэ нэщэнэ зиIэ щIэпхъаджагъэу мы гъэм и мази 7-м къриубыдэу мин 24-рэ зэрызэхащIыхьар. Ар нэгъабэ елъытауэ проценти 16,5-кIэ нэхъыбэщ икIи блэкIа илъэси 8-м щынэхъ бжыгъэшхуэщ.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ щIэпхъаджагъэхэм я зэхуэдитIыр Iулъхьэхэм зэрехьэлIар. НэгъуэщIми гу лъытапхъэщ: иджы Iулъхьэ нэхъ жьгъейхэри - сом мини 10-м щхьэдэмыххэри яфIэусыгъуэджэжкъым. Мис ар коронавирусым и Iэужьу къыщIэкIынущ цIыхухэм я хэхъуэхэр йохуэх, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм пэрытхэр щытыкIэ гугъум ихуащ. Аращи, куэд яхуэтыркъым. Iызыххэми ар къалъытэн хуей мэхъу, ауэ иджы ахэр нэхъыбэрэ мэIэбэ. Фегупсыс: дызэрыт илъэсым и щIышылэ-бадзэуэгъуэм УФ-м и ВВП-м зэрызиIэтар процент 4,8-кIэщ, ауэ Iулъхьэхэм процент 27,4-кIэ хэхъуащ-нэгъуэщIу жыпIэмэ, хуэди 5-кIэ!

Ар егъэлеяуэ телъыджэщ, нэгъабэ и гъатхэм бизнесым къэпщытэныгъэхэр щыгъэмэщIэным, уеблэмэ щемыгъэкIуэкIыхэным теухуауэ унафэ къызэращтар къэплъытэмэ. Абы къару иIэнущ дызэрыт илъэсыр иухыху. Ауэ, къулыкъущIэхэм къапэпкIухьыфынукъым. Мыбдеж уз зэрыцIалэри сэбэп къыщыпхуэхъуфынукъым.



# Я зэфIэкIым хагъахъуэ

**Лышх узыфэхэм щеIэзэ диспансерым КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ щIэныгъэ-практикэ конференц щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ лъатэмрэ кIэтIиймрэ я щытыкIэр эндоскопие Iэмалхэр къагъэсэбэпу къызэрахутэ IэмалыщIэхэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и медицинэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ эндоскопист-IэщIагъэлIхэм лекцэ къахуеджащ Сеченовым и цIэр зезыхьэ Клиникэ центрым эндоскопие Iэмалхэр къагъэсэбэпу узыр къыщахутэ икIи щагъэхъуж и къудамэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Павлов Павелрэ Санкт-Петербург дэт, ФтизиопульмонологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, торакальнэ хирург Васильев Игорьрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ иужьрей илъэсхэм унэтIыныгъэм игъуэта зыужьыныгъэхэм, технологие, щIэныгъэ я лъэныкъуэкIэ эндоскопием IэмалыщIэ куэд къызэрыхыхьам, абыхэм я фIыгъэкIэ узыр нэхъ псынщIэу къэпхутэнуи бгъэхъужынуи нэхъ тынш зэрыхъуам.

Лекцэхэр зэфIэкIа нэужь хьэщIэхэм Лышх узыфэхэм щеIэзэ диспансерым операцэхэр щрагъэкIуэкI и пэшым мастер-класс щагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу федеральнэ медицинэ центрхэм я IэщIагъэлIхэмрэ ди дохутырхэмрэ зэгъусэу сымаджэм и щытыкIэр къапщытэу консилиум ирагъэкIуэкIащ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Pentax» фирмэм щIэуэ къыдигъэкI аппарытыщIэхэми. IуэхущIапIэм и лIыкIуэ Ложкевич Александр къыхигъэщащ узыр къызэрахутэу диспансерым иIэ апхуэдэ Iэмэпсымэм и ефIэкIыныгъэхэр.

ХьэщIэхэм къыхагъэщащ республикэм и IэщIагъэлIхэм Iэзагъышхуэ зэрабгъэдэлъыр, операцэ нэхъ гугъу дыдэми пэлъэщыфыну зэрыщытыр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Ипотекэр нэхъ къыхах

**2021 гъэр къызэрихьэрэ Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» цIыху щхьэхуэхэм ярита кредит портфелыр сом меларди 3 ирикъуащ. Мы гъэм и япэ мази 8 къриубыдэу щIыналъэм щыпсэухэм щIыхуэу 1500-м щIигъу къащтащ псори зэхэту сом 1 мелардым нэблагъэу. Илъэс блэкIам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ ар хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэщ.**

ЦIЫХУХЭМ нэхъ щIэупщIэ зыхуаIэр ипотекэ кредитхэрщ. Физическэ цIыхухэм ирата щIыхуэхэм я процент 60-р апхуэдэщ.

«Кредит Iуэхутхьэбзэхэр къызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэн, корпоратив унэтIыныгъэхэм зегъэужьын, щыIэ программэхэм я мардэхэр нэхъ тынш щIыныр сэбэп мэхъу къудамэм и кредит портфелыр хэхъуэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кредит рынокым щиIэ увыпIэхэр щIигъэбыдэнымрэ», - къыхигъэщащ къудамэм и унафэщI Сокъур Алим.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - Урысейм и агропромышленнэ комплексым Iуэхутхьэбзэ хуэщIэнымкIэ и лъэпкъ финанс-кредит системэм и лъабжьэщ. Ар 2000 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи IэщIэлъ мылъкумрэ зэфIигъэкI Iуэхутхьэбзэхэмрэ къэралми дунейми щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Франджым и махуэ мыгъуэхэр

**Иужь зэманым дунейр зыпэмыплъа куэд къохъу. ИкIи а псом и нэхъыбэр зэхьэлIар КъухьэпIэрщ.**

Нэхъ щхьэтечу дыбгъэдыхьэнщи, США-м и дзэр апхуэдизу пIащIэу Афганистаным къыщIрашыжам и щхьэусыгъуэр къызыгурыIуар мащIэщ. Хэбгъэзыхьмэ, ахэр къикIыжакъым, атIэ къижыжащ я гуэгъу европей къэралхэм я зауэлIхэу гъусэ зыдащIауэ щытахэр къагъанэри. Апхуэдэ напэтехым иращIэкIа псалъэмакъыр ужьыхыжу зэрыхуежьэу, къыкъуэкIащ напэншагъэмрэ епцIыжыныгъэмрэ я пщалъэу ува нэгъуэщI Iуэху! Ар Франджым и псыщIагъырыкIуэ 12 Австралием ищэхуну зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр Париж зыри химыщIыкIыу зэракъутэжарщ. Иджы а къэралым апхуэдэ Iэщэ езыщэнур Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ. Франджым зэуэ IэщIэкIащ доллар мелардхэр, IэщIэзыгъэкIари и къуэш нэхъыжьу иджыри къэс къилъытарщ.

Пэжу, Инджылызыр я дэлэлу зэхащIыхьа мы Iуэхур зытещIыхьар ахъшэ, мылъку къудейркъым, зыхуэгъэзари Франджым и закъуэкъым. Мурадхэр куэдкIэ нэхъ жыжьэ нос. Ахэр зи Iэужьри «геополитикэ» жыхуэтIэрщ. Иужь зэманым Вашингтон къешынэуэжу щIидзащ игъэтIылъа узыжьхэр. ЩыIэжкъым «игу зэбгъа» (и жьауэм къыщIэмыувэ) къэралхэр - Ливаным, Югославием, Иракым, Ливием хуэдэхэр - къарукIэ я пIэ иригъэувэжу щыта лъэхъэнэр. И дзэхэр илъэс 20-кIэ Афганистаным, иджы къызэрыщIэкIамкIэ, пщIэншэу щиIыгъа, доллар триллионитIым нэблагъэ псым щыхипхъа икIи доллар мелард 85-рэ я уасэ Iэщэхэр къигъанэу къыщыщIэпхъуэжа Афганистаным США-м къыщыгурыIуащ и лъэкIыныгъэр ауэ жыжьэуи зэрымыгъунапкъэншэр, езыми къыпеуэфыну къэралхэр къызэрыкъуэкIар. Экономикэ и лъэныкъуэкIэ ар, дауи, псынщIэ дыдэу зызыужь Китайрщ. Урысейм иIэ хъуа Iэщэ лIэужыгъуэщIэхэм, уеблэмэ гугъэ гуэри кърататыркъым дыкъигъэшынэну, и жыIэм дыщIигъэувэну. Мис абы къыхэкIыу мурад ищIащ хэщIыныгъэхэм фIэкIа къахуэзымыхь зекIуэхэм къапыкIыу и лъэщагъ псори а къэралитIым пэщэтыным хузэщIигъэуIуэну. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу Атлантикэ ищхъэрэ блокри игу ирихьыжыркъым. Пэжщ, абы зрагъэубгъуащ, соцлагерь къутэжам и къэралхэр хагъэхьэри. АрщхьэкIэ сыт и пэрмэн? КъуэкIыпIэ Европэм и «лIыкIуэхэр» нэхъыбэу зэрызэщIэузэдар жьы хъуа IэщэхэмкIэщ, зэгуэр СССР-м яритауэ щытахэрщ. Латвиер, Литвар, Эстониер къамылъытэххэми хъунущ, щхьэ бжыгъэ къудейщ. КIэщIу жыпIэмэ, зыкъыпщIагъэкъуэфынукъым. Мис аращ США-р, Британиер, Австралиер зыхэт зэгурыIуэныгъэщIэ къызэригъэпэщыну ягу къыщIэкIар. Мис ар Китайр зэтезыIыгъэну къарууэ къащохъу. Мыбы я сэбэп хэлъщ иужьыреитIми. Инджылызхэр, езыхэм къазэрыфIэщIымкIэ, нэхъ гъунэгъу хуохъу зэгуэр яфIэкIуэда империер зэфIагъэувэжыным, адрейр зэуэ къыщIедз лъэщагъышхуэ зыбгъэдэлъ къэралу. Дауи, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм сыт щыгъуи хуэдэу «къащыгъупщащ» НАТО-мкIэ я гуэгъухэр я мурадым хагъэгъуэзэн. Ахэр егупсысыхэркъым ящIэр зэрыемыкIум, уи ныбжьэгъухэр гъэпэжын зэрыхуейм.

Франджыр къэнащ зэфIэмызэхауэ Абы и президент Макрон Эммануэль, уеблэмэ ищIэнур ищIэжыркъым. ЗэкIэ къриджэжащ Франджым и посолу США-мрэ Австралиемрэ щыIэхэр. Ауэ жэуапыр нэхъ ткIийуэ зэрыщытынум шэч хэлъкъым. Франджы къызэрыгуэкIхэр къызэрыIэту хуежьащ апхуэдизу къызэрагъэпудар ягу темыхуэу. Зэгуэр де Голль ищIауэ щытам хуэдэу къэралыр НАТО-м къыхэкIыжыну къэзыгъэувхэри щыIэщ.

Мыбдежым дигу къыщокI нэгъуэщIи. Франджыр атом IэщэкIэ зэщIэузэда европей къэралышхуэщ, ар ящыщщ 1945 гъэм ООН-р къызэзыгъэпэщахэм, абы ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым зэпымыууэ хэтщ. ИтIани, Вашингтон къигъэнакъым Париж доллар мелардхэр трихын. АтIэ, сыт зыщыгугъыр США-м зыкIэрызыкухь Украинэр? Абы къыгурымыIуауэ пIэрэ игъащIэ лъадэрэ и ныбжьэгъужьыр икIи къыхуэпэжыр апхуэдизу гущIэгъуншэу зыдза Вашингтон Iэнэ зэралъэщIа тхылъымпIэм хуэдэу Киев зэгуэр зэрыхифIидзэнур? Абы и дежкIэ сыт Киев?



• Дунейм и къалэ нэхъ дахэхэр

**Инджылызым и щыхьэр, 47 гъэм зи лъабжьэр ягъэтIылъа Лондон Европэм щынэхъ ин дыдэ къалэхэм хабжэ. И инагъым и мызакъуэу, зыщыплъыхьын щыпIэ дахэхэр, тхыдэ мыхьэнэ зиIэхэр щыхьэ щыщIэр туристхэм я кIуапIэу щыщытри аращ.**

**Къалащхьэм километр зэбгъузэнатIэ 1572-м зыщиубгъуащ. Илъэс кIуам къызэрабжамкIэ, абы цIыху мелуани 8,962-рэ щопсэу.** *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Шхын нэхърэ шхалъэ

Къэзыухъуреихь дунейм и щэхухэм задигъэшрэ ухыгъэм и хабзэхэм яфIэлIыкIыу къежьат цIыху цIыкIур. Зэгъэт ар: псэущхьэмэ - ещакIуэрт, мэз тыгъэмэ - къищыпырт, гъавэхэкIмэ - пщIэнтIэпс шыгъукIэ вагъэм ехъуажэрти, щIыгулъ къэуат хьэлэлыр и гуэн ирилъхьэжырт.

«Нэм илъагъу щхьэм и уасэщ» жи. Дауэрэ къигъэхьэрычэтами, цIыхур есащ зэгуэр зыфIэлIыкIам, япэщIыкIэ хуэгушхуэм, адэкIэ етIакIуэ-ещакIуэ хуэдэурэ тегушхуэпэным.

Псыр, хьэуар, дыгъэр, щIыгулъыр - щIыуэпс жыхуэтIэжыр - зи шыпэщхъын къилъэтауэ зыкъэзылъытам и шылъэ здынихусынум езы дыдэри щыгъуазэу къыщIэкIынкъым. ЗэплъэкIыжи и хьэлкъым цIыху тIасхъэм. Сыту пIэрэ ар къызыхэкIыр? Нэрылъагъу Iуплъэгъуей гуэрхэр къыIэщIэлъэгъуэжынкIэ мэхъашэрэ? Къыхихын зэримыIэжым ирихужьауэ хьэмкIэлъэхъуу ихурэ?

МызыгъуэгукIэ, пэжщ, и унэжь хуэдэ, хьэрш гъунапкъэхэм йохьэ; имыгъэпIэтIауэу атомыр егъэжыIэщIэри, нетринэм зрепщыт.

Къэхъугъэ зэшхуэзэесыр езым и псэукIэ мэсхьэбкIэ зэлъыIузыхыжым Iей гуэр зэрихьэу къызыфIэщIар хэт?! НэхъыфI дыдэхэрщ абы и гуращэр, арщхьэкIэ «гуращэфI жыхьэнмэ дакъэщ» жаIэртэкъэ... Апхуэдэ нэхъыфI дыдэхэм къарикIуа щIыуэпс гузэвэгъуэхэрщ иджыпсту зи гугъу тщIыр.

... ФщIэуэ пIэрэ Австралием езы континентым и хамэу зы псэущхьэ гъуэща зыгуэрым иришэну зэрыхуимытыр? Я нэ чы техуауэ плъырхэщ щIэныгъэлIи, щIыуэпс къэхутакIуи. Блэ зэуар аркъэным щощтэ зыхужаIэу, абыхэм ящыгъупщакъым (ерагъмыгъуейуэ иджыри ягъэзэкIуэж) псэуакIуэ Iущ гуэрым и хьэрычэт лъэужьейр. Губгъуэ тхьэкIумэкIыхьыр игъэбагъуэкIэрэ и хэкуэгъухэр лыхэкIкIэ игъэтхъэжын и гугъат абы. МацIэм хуэдэу шхэ тхьэкIумэкIыхьхэр, ардыдэм ехьэехуэу багъуэурэ, щIыналъэ Iэслъэсыр яуфэбгъуащ.

Илъэс зыбжанэм къриубыдэу тхьэкIумэкIыхь гуартэхэм удзыпцIи, къэкIыгъи, мэз лъахи щызэтраухъуанщIэм, абыхэм ещхь дыдэу шхэн тIэкIур зимыжагъуэ адрей псэущхьэ цIыкIухэр Iусыншэ псэхэлIэ хъуащ. АбыкIи къызэтенакъым. КъэкIыгъэншэу яуджэфа щIыгулъыр Iисрафу теукъуеикIыжри, цIыхур къыданат шхынымрэ шхалъэмрэ я зэхуаку.

ХэкIыпIэ щыIэтэкъыми, «миксомэ» вирусымкIэ яцIалэри, ягъэкIуэдыпащ тхьэкIумэкIыхь лIэужьыр.

Аркъымэ, Австралием нэс ди хьэдэ хьэм ихьат, цIэрыIуэншэу щымыт Китайм дыблэплъу... БлэкIа лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм абы зыхуигъэувыжатэкъэ хьэцэпэцэр зэхэзышхыхь хьэпIацIэр иукIыну. ЩIэныгъэхэм я министру зэрыщытым нэмыщI, Чжоу Цзянь икIи биолог Iэзэт. Арати, «китай лIакъуэм и бий кIэуфIыцIхэм» (дзыгъуэ, аргъуей, гъудэ-бадзэ, н.къ.) Чжоу яхитхащ... бзу гъуабжэ цIыкIур - зы илъэсым хуэзэу цIыху мелуан 35-м (ари къабжат!) ярикъуну хьэцэпэцэ Iыхьэр зыгъэкIуасэр. Куэд хуейт бзу гъуабжэ цIыкIу щтапIэ ибгъэхьэжыным! Дакъикъэ 15 нэхърэ нэхъыбэкIэ хьэуам дамэкIэ зыщиIыгъыфынукъым абы. Пэгуныжь, пхъэцIыч, кIэфий жаIэми, IэуэлъауэшхуэкIэ бзуукIэтеуэ иращIэкIри, бзуущхьэ мелардитIым дунейр ирагъэбгынащ. Пэжу, зи чэзу гъавэ къехьэлIэжыгъуэр нэхъ бэвт, блэкIа гъэхэм елъытауэ, арщхьэкIэ фыщIэмыупщIэ адэкIэ хьэцэпэцэм пэрыуэншэу къеуэса хьэпIацIэ цIынэм яшхар зыхуэдизым... Гъаблэшхуэ къэрикIуат абы: 1961 гъэм ирихьэлIэу цIыху мелуан 30 ихьат.

Бзу гъуабжэр зи куэд Совет Союзымрэ Канадэмрэ я щэхуакIуэу дыхьэжщ Китайри, игъэбэгъуэжащ бзу сэбэп цIыкIур.

ХьэпIацIэ дунейм къытехьэркъым къалэныншэу; жыг гъужыркъым щхьэусыгъуэншэу. Зэхэухуэнащ дунеипсэр телъыджэу. Мопхуэдэу щIыуэпсым хэIэзэщIыхьахэм я щапхъэхэр мащIэкъым. Яхэтщ абыхэм нэхъ шынагъуэIуэхэри. Къапщтэмэ, хы Щэхум щыIэ Гуам хытIыгу цIыкIунитIэм иджыпсту илъа гузэвэгъуэм пIуригъэхужынщ уи тхьэкIумэкIыхьи, уи бзуи. ХьэмцIыракIэфI хуэдиз фIэкIа мыхъу (къалэшхуэхэм нэхърэ тхукIэ нэхъ цIыкIущ щIыналъэр) хытIыгур, хьэлэчыр и махуэу зэтрешхыхь блэ гъуабжэм (бойгэ). Тропик хуабэхэрт а блэ лIэужьыгъуэм и псэупIэр. Я кхъухьхэм къеуэса дзыгъуэшхуэхэр ириIуагъэщтын хьисэпкIэ, америкэн сэлэтхэм бойгэр ирашат а хытIыгу цIыкIум. ЦIыхум дежкIэ шынагъуэтэкъым ар: дзыгъуэ, щIыIуб хуэдэхэрщ и шхыныгъуэр. Сыт-тIэ къэхъужатэр? Зэпамылъыта гуэрхэр къащIыхьэжауэ аркъудейщ: апхуэдизу зэпэзэв щIыпIэмрэ блэ гъуабжэм и бэгъуэкIэ хуитымрэ...

Блэ гъуабжэ мелуанитI исщ иджыпсту Гуамым. Абы къикIыр: километр зэбгъузэнатIэ къэс блэ мини щызопщыпщэ. ЦIыхуу а щIыналъэм щыпсэум я бжыгъэр щыкIэ нэхъ мащIэщ, а мащIэри егъэлеяуэ гугъу йохь: сабийхэмкIэ шынагъуэщ бойгэр. НэхъеижращI, щIыпIэм дзыгъуэу исыр къаIэщIэшхыхьщ, псэущхьэ нэхъ цIыкIухэмрэ къуалэбзухэмрэ трашхыхьыжри, унагъуэ псэущхьэхэм къещакIуэу къаублащ абыхэм. Нэхъапэм а щIыналъэм щыIа къуалэ лIэужьыгъуэхэр 12 хъурт. КъэкIыгъэ жылэхэр зэбграх къудейтэкъым абыхэм... Къадэхари щIыгъэпшэр сэбэпт. Хэт е сыт мэзхэр иджы зыщыгугъынур? Зэгуэр тропикхэм я налмэсу щыта Гуам дахэ цIыкIур зы илъэс тIощIырыпщI дэкIмэ, къум укъуеижам хуэкIуэнущ.

Я Iэр зэтедзауэ щыскъым блэ гъуабжэм гъэр ищIхэр. 2013 гъэм щIыуэпс къэхутакIуэу щыIэр хьэм хурагъэхьри, блэр зыцIэлэжыну уз ирагъэфыкIыурэ ягъэлIа дзыгъуэхэр кхъухьлъатэхэмкIэ трапхъэу хуежьащ Гуамым. Абыи къихьышхуэ щыIэкъым: блэр бэгъуэIуащ, щхъухьри... гуащIащэкъым.

... Апхуэдэу «бэгъуауэ» къалъытахэм ящыщт ди къэралым щыIэ Саратов щIыналъэм щыхъуакIуэ бажэ цыплъхэр. ЗэрыхъуэкIуэщакIуэм ищIыIужкIэ, хьэщхьэрыIуэ уз зэрахьэу гурыщхъуэ хуащIри, зэтраукIащ бажэ лIэужьыр. ЗэраукIри дауэт? Марди щысхьырабгъуи зимыIэ лъапсэрыхыр къыхуагъакIуэу! НтIэ, апхуэдэ текIуэныгъэм гу щахуэну хунэсатэкъым ар зыщIахэр, гужьеигъуэу дзыгъуэшхуэр къащыкIэщIэзэрыхьам.

Жьэжьейм итIысхьэ уз Iейр къызыхэкI щIыIэ техьэгъуэр (ГЛПС) зэбгрызыхыр дзыгъуэшхуэрщ. Зи гугъу тщIы узыфэр зыкIи къыпикIуэтыркъым а псоми зэдыдищэху COViD-м...

... Саратов щIэныгъэлIхэм нэхъыфI къахуэгупсысакъым: ГЛПС-р цинкым и фосфидхэмкIэ ягъэундэрэщхъуэну иужь щихьэм, дауи, «зыщагъэгъупщащ» лъы зыщIэт къэгъэщIыгъэм дежкIэ ар зэрышынагъуэр. И щхьэ течауэ жыпIэмэ, а фосфид лъэпкъыгъуэр 2006 лъандэрэ УФ-м къыщамыгъэсэбэпыну унафэ щащIарэ пэт, гын лIэужьыгъуэ зыбжанэм хэгъэшыпсыхьауэ ди къэралым иджыри щызокIуэ!

НтIэ, зэгурыIуэу щхъухь цIапIэмкIэ яцIэла хьэцэпэцэ жылэр мэзылъэхэмрэ хадэщIапIэхэмрэ щракъухьат. Зэрамыгугъауэ къахущIэкIащ кIэухыр... Дзыгъуэхэм хуапхъа гын Iусыр къуалэбзухэмрэ псэущхьэ цIыкIухэмрэ яхузэрымыгъэгъуэту зэщIащыпэри, къэхъун хуейр къэхъуащ: цыжьбанэ къудей (абыхэми дзыгъуэ фIыуэ яшхырт) къинакъым Саратов Iэхэлъахэм!

Саратоври зыгуэр хъунт, мыдэ, «Уи щхьэ си щхьэ нэхърэ - си щхьэ гуэр» жыхуаIэу, иужь къидна ди КъБР-м и Iуэху сыт хуэдэ? И пэжыпIэм фыхуейуэ щытмэ, ар япэ щIидмыгъэщам и щхьэусыгъуэр щэн-нэмысым зыкIи пыщIакъым.

НэгъуэщI щIыналъэхэм е къэралхэм я дагъуэхэр зэтещыпыкIауэ «зыщIэ» дэ... дыдей дыдэхэр кууэ щыщIэтIащ ди гуэн лъапэ. IункIыбзэ къэб фIыцIэжьи Iугъэмбыжащ. Аркъымэ, дэрат-тIэ зимыIэр щIыуэпс къэхутакIуэхэр; дэрат къызыхэмыкIар зоологхэр е ботаникхэр?! Псори «пумэшэлыхьу» диIэтэкъэ, ауэ бжыгъэмрэ белджылыгъэмрэ Iуэхур нэсмэ, абыхэми я дзэр щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ (?) мэш. Армыхъуамэ тщIэнут (икIи тIуэтэнут), ди щIыналъэр жумэрэныгъуэм зэпэгъуаниблу щIызэхивыхьыр, хьэмэрэ гъэ къэскIэ багъуэ блэм кIуэ пэтми къалэм нэхъ къыщIрикур. ДыбзыщIынутэкъым, дауи, щIышылэр дзыкърэ пэт, зэгъэжыпIэ имыхьэж бадзэ удзыфэжьхэр къезыхуэкIыр. ФэдгъэщIэнут, Iэмал имыIэу, тхьэгъу зэмыфэгъу цIыкIухэр къарылындыкIрэ, еуэирагъэшхыу Налшык и уэрам пажэхэм (адрейхэри нэхъ пщIэгъуалэкъым) нэчыхьытх щизыхыурэ бэгъуа хьэ хьэулейхэм зэрызащытхъумэнур. КъБР-м уэрамыщхьэ жыгыу щыкIым (псом хуэмыдэжу шыкIуртIымым) къайфыкI узым и Iэзэгъуэхэмкlэ дывдэгуэшэнут тфIэгъэщIэгъуэну. Арщхьэкlэ - неIэмал!

ЩIыуэпс щIэныгъэхэм жэщ-махуэ зимыIэу хуэлIыщIэхэмрэ а щIыуэпс бэшэчыр езыр зыхуэлIыщIэж унафэхэмрэ я бжыхь иридагъэпхынт тхуэдэ плъэIуакIуэ-дэIуакIуэм и ажэ?! Ауэ щыхъукIэ, ди бжэныхъуи-ди бжэныхъуэ, дыIэхъуэ хуэдэурэ дэтхэнэр шхынми, сыт хуэдэр шхалъэми щхьэж зэригъэзэхуэнщ.

**ЕЛМЭС Iэсият.**

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

# ГугъапIэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къызэдогъуэгурыкIуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр куэд лъандэрэ мамыру къызэдогъуэгурыкIуэ, политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, жылагъуэ зэпыщIэныгъэшхуэхэр я кум дэлъщ, ахэр дяпэкIи едгъэфIакIуэу ипэкIэ дыкIуэтэн хуейуэ къалэни ди пщэ къыдохуэ. ГлобализацэкIэ дызэджэ Iуэхугъуэм къыхэкI зэхъуэкIыныгъэхэм дунейр зыIэщIаубыдэурэ, лъэпкъхэм унейуэ ябгъэдэлъ щхьэхуэныгъэхэр яхъумэныр хьэлъэ хъууэрэ йокIуэкI. Ар хэт дежкIи нахуэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, ди лъэпкъыщхьэр къызэтенэным, бзэмрэ хабзэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэм я деж нэхьэсыным теухуауэ ттелъ хьэкъхэр зыми тщхьэщихыркъым. Къэрал хабзэхэм къыдат Iэмалхэр къэдгъэсэбэпу ди лъэпкъым и зыужьыныгъэр зэрыщIэмыужьыхэным, ифIрэ и щхьэпэрэ зыхэлъ Iуэхухэр зэрызэдгъэхъулIэным иужь дитын хуейщ.

Нобэ Урысейм и закъуэщ адыгэм къэралыгъуэ щиIэр, и бзэр къэралыбзэу щыгъэуvауэ, еджапIэхэм щрагъэджу, ижь лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэхэмрэ IэщIагъэхэмрэ щыхуагъасэу. УФ-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм лъэпкъхэм яIэ хуитыныгъэхэр нэхъри щIагъэбыдащ. Ар къэдгъэсэбэпыпхъэщ. Мыбдеж кърихьэлIахэр псори дыкъыщежьэр зы Iуэхущ - адыгэр къэкIуэну зэманхэм зэрыхэпсэукIынщ, зэрыхэмыкIуэдэжынщ. Абы ехьэлIауэ жыпIэмэ, ДАХ-м и лэжьыгъэр къыпхуэмылъытэну инщ. Хасэм пщIэрэ щхьэрэ зыхуригъэщIыфащ, ар къэрал куэдым къыщалъытэ, и псалъэм къыщIодэIу. ЖысIам и щапхъэщ ДАХ-м и Тхьэмадэр УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ и Советым зэрыхагъэхьар. УФ-м и Президентым и фIэхъус псалъэу нобэ къытлъэIэсари пщIэшхуэщ. Дэри дыхьэзырщ хабзэм ипкъ иткIэ ДАХ-м къыхилъхьэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэри дэтIыгъыну, тхузэфIэкIымкIэ зыщIэдгъэкъуэну. Сыхуейт Хасэшхуэм къалэн зыщищIыжахэм ящыщу Iуэхугъуищым гу лъывэзгъэтэну. Псом япэрауэ, адыгэ алфавитхэм хэлъ зэщхьэщыкIыныгъэхэр гъэкIуэдыным, псэлъэкIэм зэтехуэу хэлъхэр зэщхьу къэгъэлъэгъуэным хуэунэтIауэ щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм унафэ тещIыхьын хуейщ. ЕтIуанэрауэ, лъэпкъыр дызыIэтын лэжьыгъэщ къытхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр Iэмалу щыIэхэмкIэ дуней псом хэIущIыIу щыщIыныр. Ещанэрауэ, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиIэ щIэныгъэ, щэнхабзэ, экономикэ пыщIэныгъэхэр гъэбыдэн, зегъэубгъун хуейщ. Хуабжьу сыщогугъ Зэхуэсышхуэр мы зи гугъу сщIахэм хэплъэну».

КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу екIуэкIыну дауэдапщэхэм Зэхуэсышхуэм хэтхэр ригъэблэгъащ, а махуэщIыр лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм кърикIуа дахагъэ псоми я щыхьэт нахуэу зэрыщытри къыхигъэщащ. Зэхуэсым и лэжьыгъэм фIы крикIуэну ехъуэхъури, КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэгуапэ тхылъкIэ я цIэ къриIуащ Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу, жылагъуэ лэжьакIуэ Къущхьэ Тыгъуэнрэ Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм илъэс куэдкIэ и тхьэмадэу щыта Къардэн Самиррэ. Апхуэдэу, Iэтащхьэм «Черкесия-Фильм» кинозэгухьэныгъэм и унафэщI Нэгъаплъэ Аскэрбий Зэхуэсышхуэм и утыкум къришэри, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэм и дамыгъэмрэ щыхьэт тхылъымрэ IэщIилъхьащ.







АдэкIэ псалъэ зрата, УФ-м лъэпкъ Iуэхухэмкiэ и къэрал къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Серёгин Олег къыхигъэщащ ДАХ-р и IуэхущIафэхэмкIи сыт щыгъуи къыхэщ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэу зэрыщытыр. «Ди къулыкъущIапIэм и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ политикэр нахуэу икIи убзыхуауэ егъэкIуэкIынырщ - жиIащ, Серёгиным. - Абы хуэунэтIауэ сыт хуэдиз лэжьыгъэ едгъэкIуэкIми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къыдгуэмыувэмэ, тлъэкIынур куэдкIэ мащIэщ. Сыхуейт ДАХ-р емышыжу къызэрыддэлажьэм щхьэкIэ фIыщIэ хуэсщIыну, дяпэкIи а гъуэгум темыкIыу, нэхъри хигъахъуэу екIуэкIыну».

Серёгин Олег УФ-м лъэпкъ Iуэхухэмкiэ и къэрал къулыкъущIапIэм къыбгъэдэкI фIыщIэгуапэ тхылъхэр Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Хы Iуфэ Шапсыгъым, Ставрополь щIыналъэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, Аслъэн Алий, КIэкIыхъу Мэжид, Шыбзыхъуэ Юрэ сымэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Адыгэ Хасэм хэт Теркъул Мухьэмэд яхуигъэфэщащ.

Зэхуэсышхуэм къыщыпсэлъащ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ я Iэтащхьэхэм я лIыкIуэхэри. Апхуэдэу, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и цIэкIэ утыкум къихьа жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Дер Вячеслав и псалъэм къыхэщащ ДАХ-м къалэн зыщищIыжахэм къабгъэдэкI зэрымыхъунур, атIэ, зэманми къекIуэкI щытыкIэми емылъытауэ, бзэмрэ щэнхабзэмрэ я щыжакIуэу, ахэр хъума хъун папщIэ хэкIыпIэщIэхэм я зэхэублакIуэу щытын зэрыхуейр. Адыгейм хамэщI щыпсэу ди хэкуэгъухэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатiэхэмрэ ядэлэжьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Щхьэлахъуэ Аскэр Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и фIэхъус псалъэ къызэджам къызэрыхэщамкIэ, къикIуа гъуэгуанэм ДАХ-р адыгэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм ехьэлIа гупсысэхэр щызэфIэувэ утыкушхуэ ищIащ, абы щыфIэкIыжауэ адыгэхэм я гугъапIэхэр зрапх, къэкIуэным купщIафIэу телажьэ хасапIэщ. Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми я Iэтащхьэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр иратащ Голландием къикIа, ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Хьэткъуэ Рэджэб, Тыркум щыIэ КАФФЕД-м и унафэщI Мамхэгъ Илдыз, жылагъуэ лэжьакIуэ Шыхъуэстэн Абдулхьэмид, ДАХ-м и япэ вице-президент Бырсекъуэ Орфан, Тыркум щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ Шыгъэлыгъуэ Уаджит сымэ.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэри. Абыхэм къыхагъэщащ блэкIа пIалъэм лъэпкъыр зыхуей-зыхуэныкъуэ Iуэхугъуэ куэд ДАХ-м зэрызэфIигъэкIар икIи щIэуэ хахыну Хасащхьэмрэ ГъэзэщIакIуэ гупымрэ кърахьэжьа Iуэхухэр щIамыгъэужьыхэну, адэкIэ ягъэкIуатэурэ ирагъэфIэкIуэну къыхураджащ. Апхуэдэу, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Муратрэ ДАХ-м и вице-президент, КъБР-м егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэ и центрым лъэпкъ щIэныгъэхэмкIэ и лабораторэм и унафэщI Щоджэн Iэминатрэ, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр иратащ ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Щомахуэ Залинэрэ ДАХ-м мылъкур зегъэкIуэнымкIэ и лэжьакIуэ Махъсидэ ФатIимэрэ, КъБР-м Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэм и Щытхъу тхылъыр хуагъэфэщащ Адыгейм и Шууей Хасэм и тхьэмадэ Тхьэпщокъуэ Альберт.

ФIэхъус псалъэхэр зэфIэкIа нэужь, Сэхъурокъуэ Хьэутий иужьрей илъэсищым ДАХ-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр къызэщIикъуэжу къэпсэлъащ. Тхьэмадэм къызэрыхигъэщамкIэ, ДАХ-м дежкIи тыншакъым иужьрей илъэситIыр. «ЕдгъэкIуэкIын хуея лэжьыгъэм пандемием зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Языныкъуэ Iуэхугъуэхэр пэIудзауэ тщIын хуей хъуащ. Пандемием зыкъомкIэ дыкъыжьэдикъуами, къалэн зыщытщIыжахэр зэрыдгъэзэщIыным дыпылъащ. ДАХ-м и Унэм щызэхэтшэ зэхуэсхэр хэгъэкIауэ, ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу щыпсэу щIыпIэхэм дыкIуэрэ ди зэIущIэхэр щедгъэкIуэкIыу къыхэтлъхьауэ щыта хабзэри, ди гуапэ зэрыхъунщи, узыфэм IэщIыб дигъэщIакъым», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Тхьэмадэм и къэпсэлъэныгъэм и гугъу щищIащ адыгэбзэр хъумэным, анэдэлъхубзэр зэрадж тхылъхэр щIыналъэхэм щызэтехуэу зэгъэпэщыным, тхыбзэ лIэужьыгъуитIри зэрырагъэдж тхылъхэр федеральнэ тхылъ зэужьым (федеральный перечень учебников) хегъэхьэным теухуауэ ДАХ-м зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. Тепсэлъыхьащ илъэситI ипэкIэ къыхалъхьа «Адыгэ диктант» егъэджэныгъэ акцэм зызэриубгъум, ар адыгэхэр щыпсэу щIыпIэ куэдым зэрынэсам. Апхуэдэу, Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ 2019 гъэм «Адыгэ диктантым» цIыху миным щIагъу къыхыхьамэ, 2020 гъэм а бжыгъэр цIыху минищым, 2021 гъэм адыгэ диктантыр цIыху мин 11-м щIигъум зэратхар. Бзэр хъумэным, егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ ДАХ-р зэIущIэ зыбжанэ, Iэнэ хъурей, щIэныгъэ зэхуэсхэм зэрыхэтами я гугъу ищIащ.

ДАХ-м и лэжьыгъэм щIыпIэшхуэ щеубыд хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэным, адэжь лъахэм къешэлIэжыным. «А Iуэхур сыт щыгъуи йокIуэкI, зэпыуи къыхэкIыркъым, - гу лъаригъэтащ тхьэмадэм. - Ди хэкуэгъухэм ядедгъэкIуэкI лэжьыгъэр унэтIыныгъитIкIэ къызэгъэпэщащ: зыр - ди зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр щIэгъэхуэбжьэным теухуащ; етIуанэр - Хэкум къэIэпхъуэжахэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэгъэзэгъэжыным, бзэр егъэщIэным хуэгъэпсащ. Хамэ къэрал къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр мы зэманым ирихьэлIэу цIыху мини 5-м ноблагъэ. Сирием щыщу Хэкум къихьэжащ цIыху мини 3-м щIигъу. КъБР-ми, КъШР-ми, АР-ми я къулыкъуэщIэхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, хьэрычэтыщIэхэми абыхэм зэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ. Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм щхьэкIэ къуажэхэм унэ лъапси 120-рэ щыхузэрагъэпэщащ».

Дунейпсо Адыгэ Хасэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэ нэхъыбэ хэку университетхэм IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щызрагъэгъуэтыну къыщIэгъэтIысхьэныр. Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм хамэ къэрал щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэр 2020 - 2021 гъэ еджэгъуэм къыщIэтIысхьэу къэралым и мылъкукIэ щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыфын хуэдэу, «Россотрудничество»-м и унафэщIхэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ а Iуэхум хухих квотэхэр нэхъыбэ ищIыну.

ДАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэр лъэныкъуэ куэду зэрызэщхьэщыкIыр къыхигъэщри, дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми я щапхъэхэр къиихьурэ Сэхъурокъуэр тепсэлъыхьащ, Хасащхьэми ГъэзэщIакIуэ гупми хэтхэр адыгэм и тхыдэм, и щэнхабзэм, и жылагъуэ псэукIэм теухуауэ Кавказ Ищхъэрэм къыщаIэт дауэдапщэхэм блэкI щIагъуэ къыхэмыкIыу зэрыхэтым хуишэу.

«Ауэ тщIэну дызыхуеяхэр псори тхуэгъэзэщIауэ жытIэфынукъым, - жиIащ и псалъэм и кIэухыу Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Дигу къоуэ хамэ къэрал къитшу ди адыгэ сабийхэм зедгъэгъэпсэхуну Iэмал дызэримыIар. Санитар-эпидемиологие мардэхэм къагъэув сакъыныгъэр сабийхэми ятеухуат. Хэку гъэзэжыным епха Iуэхугъуэхэр нэсу зэIубз тхуэщIакъым, уеблэмэ абы пыщIа гугъуехьхэр мащIэ хъуауэ пхужыIэнукъым. КъэкIуэжхэм я тхылъымпIэхэр гъэхьэзырыным къыхэкI лъэпощхьэпохэм ДАХ-м хэтхэр дызэхуэзэху къэс дропсалъэ. Ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къихьэныр псынщIэ ящыщIынымрэ, къихьа нэужь щыпсэуну хуит, щыIэну хуит зыщI, къэралым и цIыхуу къызэрилъытэ тхылъхэм я къыдэхынымрэ хэубыдыкIауэ хэплъэну сыт хуэдизрэ къэрал къулыкъущIапIэхэм захуэдмыгъазэми, пIалъэ къыхокI. Анэдэлъхубзэр ди щIэблэм, яIэщIэмыхун щхьэкIэ, ахэр щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, къыттехуэ къэмынэу тщIэн хуейщ. Дэ къытпэщылъщ бзэм и пщIэр къызэрытIэтын, ар щIалэгъуалэм хъугъуэфIыгъуэу къызэредгъэлъытэн Iэмалхэр зэуIу тщIыну, хэбгъэзыхьмэ, программэ пыухыкIахэр зэдгъэпэщыну. Урысей Федерацэм и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэм ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм яхухиха квотэхэм хамэщI щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэ нэхъыбэ зэрыхедгъэубыдэным дыхущIэкъун хуейщ. Илъэс къэс дызытепсэлъыхь мы Iуэхугъуэми лъэныкъуэ псори къетшалIэу унафэ пыухыкIа тхутещIыхьыркъым».

Хасэм и нэIэ зытригъэтын хуей Iуэхугъуэхэм, зыгъэгумэщIхэм тепсэлъыхьа нэужь, Сэхъурокъуэм и псалъэм и кIэухыу илъэсищым къыдэлэжьа псоми фIыщIэ яхуищIащ.

Сэхъурокъуэм и къэпсэлъэныгъэр ДАХ-м хыхьэ щIыпIэ хасэхэм я тхьэмадэхэм зэпкъраха нэужь, Зэхуэсышхуэм хэтхэм унафэ къащтащ лэжьыгъэ екIуэкIами ахэр къызэщIэзыкъуэж псалъэми арэзы техъуэн хуейуэ. Абы къищынэмыщIауэ, щIэуэ хахыну ГъэзэщIакIуэ гупым къэкIуэну илъэсищым зэфIигъэкIын хуей къалэн зыбжани къащтащ.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIахэр адэкIэ хэхыныгъэм иужь ихьащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсищым абы и унафэр зезыхьэнур, ГъэзэщIакIуэ гупымрэ КъэпщытакIуэ гупымрэ хыхьэнухэр къызэрыхахыну щIыкIэр убзыхуныр зи къалэнхэри ягъэнэхуащ. Хасэхэм я лIыкIуэхэр зэчэнджэщыжа, кърахьэлIа лэжьыгъэм хэплъэжа нэужь, ДАХ-м и унафэр зэрихьэну Сэхъурокъуэ Хьэутий хуагъэфэщащ, IэIэткIи щIэрыщIэу хахыжащ. Тхьэмадэм и вице-президенту Бырсекъуэ Орфан, ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан, Аслъэн Алий, Щоджэн Iэминат, КIэкIыхъу Мэжид, Вэрокъуэ Затий, Урым Бэчыр сымэ ягъэбелджылащ. Апхуэдэу, зэIущIэм щагъэнэхуащ ГъэзэщIакIуэ гупми КъэпщытакIуэ гупми хэтынухэр.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсищым ДАХ-м зэфIихын хуейуэ и пащхьэ лэжьыгъэшхуэ илъщи, пэлъэщыну, лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ унафэ узыншэ куэд къащтэну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**





Сурэтхэр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.



## Олимп чемпионхэм я чэнджэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным хуэгъэпса, тхьэмахуэ зэхуакум кърииубыдэу ирагъэкIуэкIыну Iуэхум щыщIидзащ. Ар къызэIуихащ Токио щекIуэкIа Олимп джэгухэм я чемпионкэ Ласицкене Марие. Лъагэу дэлъеинымкIэ дуней псом щыцIэрыIуэ, дызэрыгушхуэ спортсменкэм сабийхэм гъуэгум щахуэсакъыну, абы зэрыщызекIуапхъэ хабзэхэм цIыкIухэр хуагъэсэну балигъхэр къыхуриджащ.**

СПОРТСМЕНКЭ цIэрыIуэм Iуэхур диIыгъыу Къэрал автоинспекцэм и республикэ управленэм щIыгъуу «Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным теухуауэ Ласицкене Марие и чэнджэщхэр» листовкэхэр къыдигъэкIащ.

«ЗэпрыкIыпIэ хэхамкIэ гъуэгур зэпыупщIын», «Автомашинэм шэнтжьейр къыщыгъэсэбэпын», «Уэ бгъэлъагъуэ щапхъэр нэхъыфIщ» къыхуеджэныгъэхэр, гъуэгу шынагъуэншагъэм и хабзэхэр къыбгурегъаIуэ, адэ-анэхэр сабийхэм гъуазэ зэрахуэхъур уигу къегъэкIыж.

Ласицкене Марие сабийхэм ехъуэхъуащ я гъуэгур шынагъуэншэу щытыну, спортым хэтыну, гъащIэ узыншэ ирахьэкIыну къыхуриджащ. Адэ-анэхэм яжриIащ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм я бынхэр хуагъэсэну.

Iуэхур диIыгъащ КъБР-м и Парламентым и унафэщIым и къуэдзэ, Олимп чемпион Къардэн Мурат.

Автоинспекторхэм гъуэгу шынагъуэншагъэм укъыхуезыджэ тхылъымпIэ напэхэр нэхъыбэу къыдагъэкIыжащ икIи республикэм щыпсэухэми и хьэщIэхэми хуагуэшынущ.

**УАРДЭ Жантинэ.**



## «Нартым» и япэ ехъулIэныгъэ мащIэ

***Республикэм футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэхэр екIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Энергетик»-мрэ «Тэрчым»-мрэ зыр адрей зыкъыкIэрагъэхуркъым.***

Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм пашэныгъэр щызыIыгъхэм бжьыпIэр зыIэщIагъэкIыну я мурадкъым. «Тэрчым» и унэ щыIэу 7:2-уэ Тырныауз къикIа «Эльбрус»-р хигъэщIащ. Арщхьэкiэ таблицэм пашэныгъэр зэрыщиIыгъар зы махуэ закъуэщ. КъыкIэлъыкIуэм япэ увыпIэм къыдэкIуэтеижащ Прохладнэ щыIэу «Кэнжэм» 3:0-у ефIэкIа «Энергетик»-р.

Ещанэ увыпIэм щхьэкIи зэныкъуэкъуныгъэшхуэ щокIуэкI республикэм и чемпионатым. Малкэ къикIахэм щысхь лъэпкъ хуамыIэу жэуапыншэ топищ я гъуэм худагъэкIащ Лэскэн куейм и «Урыху» командэм. Псынэдахэ и «Родник»-р Налшык щыхьэщIэу 3:5-уэ хигъэщIащ таблицэм и кIэух увыпIэхэм къыщыувыIа «Спартак-Д»-м.

Зэхьэзэхуэм и епщыкIуиянэ джэгугъуэм япэ очкор къыщихьащ иджыри къыздэсым апхуэдэ къызыхуимыхуа Нарткъалэ и «Нартым». «ХьэтIохъущыкъуейм» и унэм абы щыдригъэкIуэкIа зэIущIэр 1:1-уэ иухащ.

«Ислъэмейм» къыкIэлъыкIуэ хэщIыныгъэр иригъэгъуэтащ «Псыгуэнсум» - 2:1. Старэ Шэрэдж щекIуэкIа «Шэрэджымрэ» Бабугент и «ЛогоВАЗ»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр 2:5-уэ иухащ.

Зи чэзу джэгугъуэм ипкъ иткIэ дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэIущIэнущ: *фокIадэм и 25-м* - «ЛогоВАЗ» - «Спартак-Д», «Шэджэм-2» - «Малка», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Тэрч», «Родник» - «Энергетик»; фокIадэм и 26-м - «Ислъэмей» - «Шэрэдж», «Псыгуэнсу» - «Урыху», «Кэнжэ» - «Нарт», «Эльбрус» - «Шэрджэс» командэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Энергетик»** | **18** | **15** | **2** | **1** | **88-17** | **47** |
| **2. «Тэрч»** | **18** | **14** | **4** | **0** | **67-14** | **46** |
| **3. «Родник»** | **17** | **12** | **2** | **3** | **68-22** | **38** |
| 4. «Урыху» | 18 | 11 | 3 | 4 | 56-35 | 36 |
| 5. «Кэнжэ» | 18 | 10 | 5 | 3 | 43-26 | 35 |
| 6. «Ислъэмей» | 18 | 10 | 1 | 7 | 58-43 | 31 |
| 7. «Шэрджэс» | 17 | 8 | 3 | 6 | 42-54 | 27 |
| 8. «Шэджэм-2» | 17 | 7 | 3 | 7 | 34-50 | 24 |
| 9. «Псыгуэнсу» | 18 | 6 | 5 | 7 | 32-37 | 23 |
| 10. «ЛогоВАЗ» | 18 | 6 | 4 | 8 | 44-47 | 22 |
| 11. «Малка» | 18 | 6 | 1 | 11 | 39-47 | 19 |
| 12. «Спартак-Д» | 18 | 5 | 3 | 10 | 37-41 | 18 |
| 13. «ХьэтIохъущыкъуей» | 18 | 5 | 2 | 11 | 30-53 | 17 |
| 14. «Эльбрус» | 18 | 3 | 3 | 12 | 32-69 | 12 |
| **15. «Шэрэдж»** | **17** | **2** | **2** | **13** | **29-66** | **8** |
| **16. «Нарт»** | **18** | **0** | **1** | **17** | **29-107** | **1** |

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Редколлегием хэтхэр:** **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (унафэщI-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщI-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр** «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Изэ,** *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894 ● Тираж 1.860 ● Заказ №2121